

## ДÆ СÆР СÆРМÆ КУ НÆ ХÆССАЙ, УÆД ЕСКÆМÆЙ МА ГЪÆСТ КÆНÆ!..

***Арсений ГУЛЫГА (1921-1996), философ: «Наций сагъæссаг фарстатæн сæ ахсгиагдæр æй хелæдæруйнадæ. Адæм... наци исунцæ, сæ хуæдхузи хецæндзийнадæ лæдæрун ку райдайунцæ, дуйней иннæ адæмти 'хсæн бæлвурд бунат ку æрахæссунцæ, уæд. Национ хелæдæруйнади æлхъивдадæ ку 'рхауй, уæд адæми сæйгæбæл нимайæ; æгæр уæлиау ку уа, уæд е дæр незι бæрæггæнæн æй – алли рауæн дæр куд æй, уотæ ами дæр бæрцæ зонун гъæуй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№44 (869) 2022 анзи 30 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


### ÆМГУСТАДÆ




## ФÆСЕВÆДИ АРФИАГ ФÆНДИТÆ

***Хонсар Иристони арæзт æрцæуудзæнæй уæрæсейаг-хонсаристойнаг фæсевæдон форум.***

Дууæ бæстей фæсевæдон организацити иуонгтæ архайдзæнæнцæ еумæйаг семинарти, «тумбул стъолтæ» æма æндæр дзиллон мадзæлтти. Æригон фæлтæр сæ фембæлдтити лæмбунæг æрдзордзæнæнцæ Уæрæсе æма Хонсар Иристони фæсевæди 'хсæн бастдзийнадтæ æнгомдæр кæнунбæл, еумæйаг культурон-рохситауæн мадзæлттæ аразунбæл, уæдта æндæр уæхæн фарстатæбæл.

Уой туххæй журналисттæн фегъосун кодта республики Фæсевæдон политики фарстати фæдбæл комитети минæвар.

Уæрæсейаг-хонсаристойнаг фæсевæдон форум кадгин уавæри байгон уодзæнæй 4 декабри.

### ЗОНУЙНАГ

## ХАЙОН ФÆДЗДЗУРДИ ФÆДБÆЛ ФАРСТАТÆБÆЛ УИН ДЗУАПП РАТДЗÆНÆНЦÆ КОЛЛ-ЦЕНТРТИ

Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойи** амунддзийнадæмæ гæсгæ, Региони разамунди республикон центр æма Бархеунтæн агъази фæстауæрци центри бундорбæл косунцæ, хайгай фæдздзурди мадзæлтти ка архайуй, еци адæм æма сæ хеуæнттæн информацион-консультацион агъази коллцентртæ.

**Колл-центрмæ бадзорæн ес уæхæн телефонæй: 77-62-67 (косуй 8 сахаттемæй 20 сахаттей уæнгæ).**

### АХСГИАГ ФАРСТА



## ДÆХУÆДÆГ ДÆХЕ БАГЪÆУАЙ КÆНÆ!..

***Фæстаг бæнтти бæрæггæнæнтæ куд æвдесунцæ, уотемæй Уæрæсей еуцæйбæрцæдæр исирæзтæй грипп æма æндæр уæхæн незтæй сæйгити нимæдзæ. Еци æууæл лæдæргæй, Уæрæсей Федераций æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради специалисттæ адæмæн амонунцæ, цæмæй дзиллон бунæтти даронцæ сæрмагонд маскитæ.***

Уой фæдбæл министради хуæцгæ незти фæдбæл сæйраг æнæштатон специалист Владимир Чуланов уотæ зæгъуй:

– Æхсæнадон транспорти, базарадон центртæ æма æндæр уæхæн дзиллон бунætти еугуремæй растдæр уодзæнæй маскитæ дарун, уомæн æма етæ минкъийдæр кæнунцæ грипп æма æндæр уæхæн хуæцгæ незтæй фæссæйгæ уни къæпхæн.

Специалистти дзубандимæ гæсгæ, фæстаг цалдæр боней дæргъи Уæрæсей зингæ исирæзтæй грипп æма æндæр уæхæн хуæцгæ незтæй сæйгæ адæми (уой хæццæ, сувæллæнтти 'хсæн дæр) нимæдзæ. Еци æууæл лæдæргæй, алли адæймаг дæр гъæуама къæрцгъос уа е 'нæнездзийнадæмæ. Владимир Чуланов байамудта, уæхæн рæстæг грипти нихмæ прививкæ искæнуни еугуремæй растдæр ке уодзæнæй, уой дæр. «Уæхæн прививкæ афæззæги ка не 'скодта, уомæн е 'скæнунæн нуртæккæ дæр ма фадуат ес», – бахансæ кодта æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради минæвар.

### НОМЕРÆН



*Цалдæр боней фæсте исæнхæст уодзæнæй дууинсæй бони, æ уæлзæхон цардæй ку рахецæн æй нæ Иристони цитгиндæр лæгтæй еу – Баликъоти Мæхæмæти фурт Тотраз. Зундгонд ахургонд, историон наукити доктор, профессор, публицист, æхсæнадон архайæг, сæйрагдæр ба – царди хумæтæгдзийнади берæ лæгдзийнæдтæй ка фескъуæлхтæй, адæми рæстуодæй ка уарзта æма адæм сæхуæдтæ дæр зæрдтагонæй ке уарзтонцæ, махæн, газет «Дигорæ»-йи редакций коллективæн ба не 'мгустгæнæг, нæ зæрдтагон хестæр – гъе уæхæн æцæгæй уарзон адæймаг фæгъгъудæй нæ дзиллæй. Гъе уомæ гæсгæ ин абони имисæн æ рохс ном – æхе тухххæй финст уац, уæдта нæ газети ин алли рæстæгути ци æрмæгутæ мухургонд æрцудæй, уонæй (кæсетæ сæ 4-12-аг фæрстæбæл).*

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2023 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 344 СОМИ ÆМА 52 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 305 СОМИ ÆМА 64 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Зундгонд You Tube – канал «Еухатт зæнхæбæл»-и æвдист æрцудæй гермайнаг фашизми нихмæ советон адæмтæй тæккæ уодуæлдайдæрæй ка тох кодта, уони туххæй видеоæрмæг. Хецæнæй си дзубанди цæуй нæ адæми туххæй: «Сурх Æфсади рæнгъитæмæ фæдздзурдтонцæ республики алли фæндзæймг***

## БÆРÆГБОН

Национ телекомпани «Осетия-Иристон»-бæл исæнхæст æй фондз анзи. Кæд бæрцæй еци æнзтæ уоййасæбæл берæ нæ 'нцæ, уæддæр сæ медесæй ба агъазиау æнцæ. Нæ национ телекомпани æ архайдæй хе зингæ бунат байахæста нæ республики цардарæзти, зæрдтагон иссæй нæ еугур дзиллæн дæр. Телекомпаний фæллойнæгæнæг редактортæ, журналисттæ, оператортæ æма иннæ косгутæ сæ бæрзонд исфæлдистадон архайди фæрци ном кæнунцæ сæхецæн дæр æма телекомпанийæн æнæгъæнæй дæр. Хъæбæр æхцæуæнæй син арфæ кæнæн сæ фиццаг юбилейи фæдбæл æма син зæрдиагæй зæгъæн: «Æнтæстгин æма уæлахезон уотæ!..»

## ХУÆЗДÆРТÆ

Дзæуæгигъæуккаг центр «Мæ бизнес»-и ци урух æмбурд адтæй, уоми бæрæггонд æрцудæнцæ еугуруæрæсеуон конкурс «2022 анзи хуæздæр социалон проект»-и регионалон къæпхæни бæрæггæнæнтæ. Сæрмагонд конкурсон къамиси сæрдар – Цæгат Иристони экономикон ирæзти министри хуæдæййевæг Туати Георги куд фегъосун кодта, уотемæй конкурсмæ сæ социалон проектти туххæй æрмæгутæ 'рбалæвардтонцæ минкъий æма рæстæмбес амалгъонади 32 компаний. Конкурси регионалон къæпхæни уæлахездзаути æвзаргæй, сæйрагдæр æргом здæхт цудæй, бавдист проекттæ æхсæнади царди цæйбæрцæбæл ахсгиаг уодзæнæнцæ, сæ экономикон гъомус цæйбæрцæбæл ахедгæ рауайдзæнæй, уонæмæ, уæдта æндæр уæхæн æууæлтæмæ.

## ÆДАСДЗИЙНАДÆ



Æнæнгъæлæги æрдзон аллихузон фудцаути фæстеугутæ еуварс кæнуни фарстати фæдбæл федералон къамисæн æрæги видеоконференций хузи æмбурд арæзт æрцудæй. Уоми архайгæй, Цæгат Иристони Хецауади сæрдар Дзанайти Бариси дзубанди адтæй республики хуæнхон районти мети зæйти рацуди фудæй æнæнгъæлæги уавæртæ ма 'руадзни туххæй ци мадзæлттæ арæзт цæуй æма ма цæуодзæнæй, уобæл. Сæйрагдæр æргом здæхт цæуй Рукъи нади æнæкъулумпи кустмæ. Æмбурди рæстæг хецаудзийнади регионалон оргæнтæ æма профилон ведомствити бæрнон косгутæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй знаггадæхæссæг æрдзон фæззиндтити нихмæ гъæугæ мадзæлттæй уа еудадзугон æма лæмбунæг цæстдард.

## ХАБÆРТТÆ, ЦАУТÆ...

Нæ республики нæдтæ цалцæг кæнуни æма аразуни нисанеуæгæй федералон бюджетæй дехгонд æрцæудзæнæй 515 миллион соми.

Цæмæй нæ кæстæртæ æнæнезæй, игъæлдзæгæй ирæзонцæ, уой туххæй нæ республики берæ аллихузон гæнæнтæ æма равгитæ арæзт цæуй. Уомæн еума æвдесæн иссæй, æрæги Черменигъæуи ци нæуæг рæвдауæндонæ байгон æй, е дæр – исиуазæг си кæндзæнæнцæ 2-7-анздзуд 120 сувæллоней. Цæмæй си рæстæг зæрдæхцæуæнæй æма пайдайæй æрветонцæ, уой туххæй ес еугур мадзæлттæ дæр.

* * *

**Уæрæсей Хецауадæ Цæгат Иристонæн радех кæндзæнæй 26,7 миллион соми агропромышленнон комплекси райрæзтæн. Уони фæрци гъæуама арæзт æма цалцæггонд æрцæуонцæ æхсири æма фиди кустгæнæг фермитæ, гъæууонхæдзарадон продукци дарæнтæ, селекцион-хуæрзмуггагон центртæ аразунæн.**

* * *

Уæрæсей Президент В. Путин зæрдæ байвардта, нæуæг анзи январи бюджетон косгутæн сæ мизди бæрцæ фулдæргонд ке 'рцæудзæнæй, уомæй. Уæхæн равгитæ ци регионти нæ уа, уонæн ба финансон æгъдауæй агъазгонд æрцæудзæнæй.

* * *

**Дзæуæгигъæуи вагæнттæ цалцæггæнæн завод цæмæй нуриккон уавæрти дæр æнтæстгинæй бабæй косун байдайа, уомæн гъæугæ мадзæлттæ исаразунæй зæрдæ байвардтонцæ Уæрæсей экономикон райрæзти министри хуæдæййевæг Сергей Назаров æма «Уæрæсей æфсæн нæдти» генералон директори хуæдæййевæг Александр Плутник.**

* * *

Куд нисангонд цæуй, уотемæй Цæгат Иристони хецаудзийнади хъæппæресæй 19,1 миллион соми харзгонд æрцæудзæнæй берæсувæллонгин æма цубуркъох бийнонти, уæдта сæрмагонд тугъдон операций архайæг æфсæддонти бийнонти сувæллæнтти нæуæганзон лæвæрттæй барæвдаунæн.

* * *

**Уæрæсей адæмон хузæгæнæг Челæхсати Магрези конд хузти равдист арæзт æрцудæй Мæздæги райони. Аци бæнтти имæ ци берæ дзиллæ цæунцæ, етæ хъæбæр зæрдæхцæуæнæй зонгæ кæнунцæ искурдиадæгин армдæсний исфæлдистади хæццæ.**



# ÆНОСÆЙ-ÆНОСМÆ НÆ АДÆМИ РÆСТЗÆРДÆ ÆМБÆЛЦЦОН

Абони газет «Северная Осетия» дуйней рохс фæууидта 28 656 хатти æма уал мин хуарздзийнади æрхаста Иристони дзиллитæн.

105 анзи газет æндиуд æма нифсгунæй цæуй царди гулфæнти. Берæ адæм æ хæццæ бæттунцæ сæ бæллецтæ, сæ рист, æй сæ еугæнæг, сæ дзурæгæмбал.

Исфæлдистадон коллектив æмдухæй архайуй æма парахаттæй æвдесуй республикæ æма нæ берæнацион райгурæн бæсти æнтæстдзийнæдтæ промышленности æма гъæууон хæдзаради, културæ æма спорти, ахуради, медицини æма царди æндæр къабæзти.

105-анздзуд газети коллективæн, æ юбилейи фæдбæл, æрæги, Цæгат Иристони Национ музейи райарфæ кодтонцæ, устур аргъ ин ка кæнуй, æ хуæрзтæмæ ка бæллуй, еци берæ адæм.

Æмбурд амудта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий журналистти Цæдеси сæрдар **Хъусати Тимур**.

Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** номæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** зæрдиаг арфæ ракодта редакций коллективæн.

– Æносæй фулдæр газет лæггадæ кæнуй адæмæн. Фæлтæр фæлтæри æййевуй, фал æнæййевгæ 'й газетмæ уарзондзийнадæ. Кæддæриддæр æ сифтæбæл бакæсæн фæууй цæмæдесаг æма зæрдæмæдзæугæ уадзимистæ. Сæ хестæртæ син ци æгъдæуттæ æма традицитæ ниууагътонцæ, уони идарддæр рæсугъдæй хъæртун кæнунцæ абони коллективи иуонгтæ. Газет æй нæ республики анзфинст. Æма никки фулдæр æнтæстдзийнæдтæ амонди хæццæ уæ къохи бафтуйæд, – загъд ес Арфи финстæги.

Нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** зæрдиаг арфæ ракодта газети коллективæн æма фæннисан кодта, ке си косуй мухури æцæг профессионалтæ.

– Адæмæн уарзон газет æноси бæрцæ финсуй нæ хуæздæрти туххæй. Иристони æнтæстдзийнæдтæ, зиндзийнæдтæ, æ уалахезтæ финста «Сурх Туруса», уæдта «Социалистическая Осетия», абони ба «Северная Осетия». Кæддæриддæр дзиллити разæнгард кодта фæллойнæмæ æма ахурмæ. Хуарз уайдæ, газети ирддæр финстæгутæ еумæйагæй мухури рауадзун. Е дæнцæгæн хæссуйнаг уайдæ фæсевæдæн æма берæ разамонгутæн дæр, – загъта Тускъати Таймораз.

Уацхæсгутæн æма еугур исфæлдистадон коллективæн райарфæ кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Мухур æма дзиллон коммуникацити комитети сæрдар **Фидарати Юри**.

– Кæд æнзтæ берæ рацудæй, уæддæр не 'ййевуй газетæн æ рахастдзийнадæ æ уарзон газеткæсгутæмæ, – загъта «Северная Осетия»-йи сæйраг редактор **Битарти Маринæ** арфи дзурдти хæццæ. – Нæ хестæртæ нин ци хуарз фæткæ ниууагътонцæ, уони хъæртун кæнæн идарддæр. Бæргæ гъавтан устур æма игъæлдзæг бæрæгбон исаразунмæ. Фал, нæ алливарс дуйнемæ цийфæнди цæстæй нæ кæсæн. Нæ газети фæрстæбæл финсæн абони бæгъатæртæбæл, фембæлæн, сæ хъæболтæ сæрмагонд æфсæддон оперций кæмæн байсавдæнцæ бæгъатæрдзийнадæ 'вдесгæй, еци ниййергути хæццæ. Уавæр уотæ 'й. Еу бæрæгбонмæ – айдагъдæр Уæлахези еумæйаг бонмæ æнгъæлмæ кæсæн еугурæйдæр.

Берæ æнзти еузæрдиуон фæллойни туххæй паддзахадон хуæрзеугутæ æма Кади нисантæ райстонцæ редакций косгутæ.

Майдан «Иристони намусæн» исаккаг кодтонцæ журналист **Суанти Сергейæн**.

Кади грамотитæ райстонцæ редактори хуæдæййевæг **Гогати Нателлæ**, сæрмагонд уацхæссæг **Губурати Зæлинæ**, системон администратор **Владислав Казанский**, къарæесæг **Татьянæ Шеходанова**. Арфи финстæгутæ райстонцæ Битарти Маринæ, бæрнон нимæрдар **Валентинæ Зыгина**, редактори хуæдæййевæг **Колити Иринæ**, реклами хайади косæг **Татьянæ Попова**, бухгалтер-къассир **Къубусти Мая** æма иннетæ.

105-анздзуд газет нурма æ тæккæ хъаури æй, æма редакцийæн æ рæсугъд фæндитæ исæнхæст уæнтæ.

***ГУГКАТИ Жаннæ***

**Номдзуд ахургонд, ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат Бутати Аслæнбеги кизгæ Фатими райгурдбæл 1 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1907-1992).**

*цæрæгмæ – уонæй алли дуккаг æ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæй... Аци адæммæ ес уæхæн фæткæ: цалинмæ дæ къохи хуæцæнгарз ес, уæдмæ фæстæмæ цæуæн нæййес!.. Уомæ гæсгæ иристойнæгтæй æхе уацари неке лæвардта барвæндонæй...» – загъд ес еци æрмæги.*








# ЦÆМÆЙ НÆ ИСОНИБОН ФÆРНÆЙДЗАГДÆР УА!..

Нæ республики Хецауади иуонгтæ æрæги се 'мбурди æрдзубанди кодтонцæ нæуæг, 2023 анзи Цæгат Иристони социалон-экономикон æма културон идарддæри райрæзти хæццæ баст фарстатæбæл.

Æмбурди райдайæни Хецауади сæрдар **Дзанайти Барис** æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй иннæ анз республикæ национ проекттæ, паддзахадон программитæ æма инвестицион проекттæмæ гæсгæ идарддæр æнхæстгонд цæудзæнæнцæ бундорон цалцæги æма социалон объектти райарæзти куститæ, рæвдауæндæнттæ æма скъолати, амбулаторити, поликлиникити, спортивон скондтæ æма култури Хæдзæртти, нæдти арæзтадæ. Уой фæдбæл уотæ загъта:

– Социалон инфраструктури объекттæ аразун ахсгиаг фарста æй, нæ граждæнтæ æнгъæлмæ кæсунцæ бæрзонд æмвæзадæбæл арæзт объекттæмæ. Гъæуама иннæ анзи нисантæмæ бæрнонæй ракæсæн, байархайæн, цæмæй алли объект дæр республики афойнадæбæл æма хуæрзцæттæй, гъома, сæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ аййеппитæ æрхæссæн ма уа.

Алли райони дæр гъæуама фæззинна цалдæр нæуæг арæзт æма нæуæггонд объектти. Зæгъæн, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри радзубанди адтæй Беслæни Рахесфарси райони поликлиники райарæзти, уæдта ма ами тагъд медицинон агъази Центри нæуæг бæстихай арæзт ке 'рцæудзæнæй, уой туххæй. Уомæй идарддæр ма министр куд фегъосун кодта, уотемæй Мæздæги райони гъæу Предгорноейи амбулатори арæзт æрцæудзæнæй, уæдта гъæути амбулаторитæ бундоронæй исцалцæг кæндзæнæнцæ.

Ахурадæ æма култури министр **Алибегти Эллæ** куд радзурдта, уотемæй ахуради къабази инфраструктурæ нæуæггонд цæудзæнæй. Куд фегъосун кодта, уотемæй гъæуама иннæ анз республики 22 скъолай бундоронæй исцалцæг кæнонцæ. Дзæуæгигъæуи арæзун райдайдзæнæнцæ 1100 æма 550 бунати кæми уодзæнæй, уæхæн дууæ нæуæг скъолай. Беслæни райараздзæнæнцæ сувæллæнтти исфæлдистади Хæдзарæ, уоми ма бавналдзæнæнцæ нæуæг музыкалон скъола аразунмæ дæр.

Култури министради 'рдигæй исфедар кодтонцæ фараст курдиади, уони хæццæ 'нцæ Алагири култури Хæдзарæ «Комсомолец», Беслæни фæсевæди Галауани райарæзт, Дигорай културон ирæзти Центр æма Мæздæги райони Комаровайи гъæуи култури Хæдзарæ исараздзæнæнцæ. Уомæй уæлдай гъæуама Мæздæги, Горæтгæрон æма Дигори районти, Виноградныйи, Притеречноейи, Камбилеевки, Къора-Уорсдони гъæути култури Хæдзæрттæ бундоронæй исцалцæг кæндзæнæнцæ. Уæхæн гъуддæгутæ æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ Мæздæги музыкалон скъолай дæр.

Æрдзон фæрæзнитæ æма экологий, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министради, фæндагон инфраструктури комитети æма æндæр министрадти иннæ анзмæ аллихузон курдиадитæ дæр федаргонд æрцудæнцæ.

Æмбурдæй хатдзæгтæ кæнгæй, Дзанайти Барис бафæдзахста экономикон ирæзти министрадæн, цæмæй объектти еумæйаг хигъд бацæттæ кæнонцæ, арæзтадæ æма архитектури министрадæ ба гъæуама афойнадæбæл бадзурдтæ бафинса.

***Аци хабæрттæ нин фегъосун кодта республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ***

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ДÆ ХУССÆН КУД ÆЙ, ДÆ КЪÆХТÆ СИ УОТÆ РАДАРГЪ КÆНÆ?..

Дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ уæрæсейæгтæй, уæ æвæрæнтæ уин цæйбæрци фагæ 'нцæ, зæгъгæ, ке бафарстонцæ, уонæн се 'мбесмæ хæстæги бæрцæ (47%) рагъаст кодтонцæ, æвæрæнтæ сæмæ æгириддæр ке нæййес, уомæй. Алли æртиккаг адæймаг ба загъта, раздæр имæ æфтуйæгтæ кæцæй цудæй, еци равгитæй ке фæффудевгед æй, уомæ гæсгæ ба ин е 'вæрæнтæ рафагæ уодзæнæнцæ бустæги цубур рæстæгæн. Мадта æрфарст адæймæгутæн дууæ æртиккаг хайии (68%) абони кенæ æвдеснæ кенæ ба карз хузи сæ цæстæ дарунцæ сæ финансти уавæрмæ. Адæм сæ æфтуйæгтæ æма сæ хæрзтæ нисан кæнунцæ бустæги цубур рæстæгмæ – анзи æмбесæй минкъийдæр æмгъудмæ. Æгириддæр нециуавæр æвæрæнтæ нæмæ ес, уæхæн уæрæсейæгти бæрцæ 2008 анзæй фæстæмæ исхъæрттæй тæккæ бæрзонддæр бæрæггæнæни уæнгæ. Инфляций фудæй æвæрæнтæ ракунæг унцæ: рæстæмбес нимадæй абони уæрæсейæгтæн сæ финансон цийийестæ рафагæ уодзæнæнцæ хъæбæр цубур рæстæгæн – 3,8 мæйемæн (зæгъæн, 2021 анзи ба еци рæстæг æртасгути хатдзæгтæмæ гæсгæ адтæй цуппар мæйи...)




Аци хатдзæгти фæдбæл ци зæгъун æй нæ бон? Айдагъдæр – байгъосæн нæ рагфидтæлти загъдмæ: «Дæ хуссæн куд æй, уомæ гæсгæ си дæ къæхтæ радаргъ кæнисæ...»

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Иристони еугур рауæнтæбæл дæр райгъустæй еу сайæгойи кой. Уæд дин еу бон еци сæйæгой фестæгæй куд цудæй, уотемæй ибæл исæмбалдæй еу бæхгин бæлццон. Кæрæдземæн салам загътонцæ, уæдта бæлццон æ бæхæй æрхизтæй æма 'й фæрсуй:

– Ду, сайæгой, ке фæххонунцæ, е дæ?

– Е дæн... Æма дæ мæ сæр естæмæн багъудæй?

– Дæ сæр мæ нецæмæн багъудæй... Фал, кæд æцæгæй сайæгой дæ, уæд дæ бон исуодзæнæй мæн расайун дæр?

Сайæгой æхе цæбæлдæрти гъудигæнæг искодта, уæдта тухстхузæй загъта:

– Бæргæ дæ бавзаринæ расайун, фал мæ сайæн дзаумæуттæ мæ хæццæ нæ 'нцæ.

– Уобæл ма тухсæ!.. Мæнæ мæ бæхбæл рабадæ æма сæ 'рбадавæ.

– Баруагæс ди уæд, дæу хузæн зундгин лæги расайун мин æнцон нæ уодзæнæй, фал дæ кæд уотæ хъæбæр фæндуй, уæд бавзарæн, – загъта сайæгой, бæхбæл рабадтæй æма рафардæг æй. Бæлццон ма имæ абони дæр æнгъæлмæ кæсуй...

* * *

*Махбæл, Уæрæсей хумæтæг дзиллæбæл дæр, цал æма цал хатти æрцудæй уæхæн сæйдтитæ. Æргомзæрдæй нæ фæллойни фæрци ци æхцай фæрæзнитæ нæмæ фæззиннидæ, уони, советон доги ци Æфснайæн къассæ адтæй, уой барæ бакодтан, фал уæдмæ советон цардарæзт фехалдæй, Æфснайæн къассæ Æфснайæн банк фестгæй, не 'фснайæнтæ нин кæфхъундари хузæн ранихъуардта... Иннæ – Мавроди æма уой хузæн «финансон пирамидитæ» аразгутæ нин не 'хцатæ сæхе амæттаг бакодтонцæ. Кенæ – пенсион æма паддзахадон æндæр реформитæ фурмæгурдзийнади уавæртæмæ æртардтонцæ... Сайæгойтæ ба уой фæрци бонгинæй-бонгиндæр кæнунцæ.*



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæймагмæ хуарз цæстæй ку нæ кæсай, уæд царди дæ ахсгиагдæр ихæс не 'нхæст кæнис...»**

* * *

Аци зундгин загъд бæргæ ку фегъосиуонцæ нæ нури хецаудзийнади бæрзонди бадгутæ, уæд сæмæ, ка 'й зонуй, багъаридæ: сæ ахсгиагдæр ихæс æй адæми хуарздзийнади сæрбæлтау архайун. Уогæ 'й, æвæдзи, зонгæ дæр кæнунцæ, фал – сæ миутæмæ гæсгæ – сæ гъуди æй еугур гæнæнтæй дæр айдагъдæр сæхе хуарзæн пайда кæнунбæл.



**Иван ПАВЛОВ (1849-1936), академик: «Æфхуæрди бунати ка 'й, уæхæнтти уавæр ку фæууинун, уæд мæхемæ куйæгадæ æркæсун, мæрггъæстæ уайдзæф мин æнцойнæ нæбал фæддæттуй, ци фæууон, уой нæбал фæззонун...»**

* * *

Аци загъдмæ гæсгæ куд нæ бабæлдзæнæ: нæ нури царди уавæртæ фæххуæздæр кæнун кæмæй аразгæ 'й, уонæмæ дæр уæхæн зундирахаст ку уидæ, уоййасæбæл цæсгонгин ку уиуонцæ... Фал кæми ес уæхæн амонд!..



**Николай ГУБЕНКО (1941-2020), Уæрæсей адæмон артист: «Гъæздугутæн сæ адæмихатт дæр æма сæ райгурæн бæстæ дæр æнцæ æхца æма æфтуйæггæгтæ...»**

* * *

Æцæгæйдæр уотæ ке æй, е рабæрæг æй, Уæрæсе сæрмагонд тугъдон операци Украини æнхæст кæнун ку байдæдта уæд – сæ уодиконд мулкарæзт кæмæн æй, етæ тарст куйти хузæн фæлледзæги 'нцæ фæсарæнтæмæ.

**Номдзуд хæдзарадон разамонæг Лагкути Тæтæрхъани фурт Батæрбеги райгурдбæл 1 декабри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1912-1985). Æ ном хæссунцæ гъæунгтæ Чиколай æма Дзæуæгигъæуи.**

***БАЛИКЪОТИ Тотраз: «Алли дзамани цардарæзти фæткитæй кæцидæртæ кæд фулдæр æхсæнадон-политикон гъуддæгутæбæл нимад фæуунцæ, уæддæр æхсæнади фæткитæ æма бийнонти медæгæ ’гъдау кæрæдзей хæццæ хъæбæр æнгом баст фæуунцæ, берæ цæмæйдæрти кæрæдзей фæнзунцæ æма исæмхузон унцæ. Уомæ гæсгæ ба,***


Тотраз æ фидæ Мæхæмæт, æ мадæ Анисæ æма æ иннæ хеуæнтти хæццæ.

беретæн си фæййагъаз кодта диссертацитæ бацæттæ кæнуни гъуддаги – айдагъ нæхемæ нæ, фал нæ устур паддзахади алли рауæнтæй дæр имæ æхе ка бахатидæ, уонæн. Уонæй еу иссæй Баликъоти Тотраз дæр – æртæ анземæ бацæттæ кодта кандидати диссертаци, фал æ багъæуай кæнуни ба ’й, æхецæй дæр æма æ разамонæгæй дæр аразгæ ка нæ адтæй, уæхæн цидæр организацион къулумпитæ ’й бахъор кодтонцæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг. Фал имæ уæддæр разиндтæй бабухсуни хъаурæ, æма Кубани паддзахадон университети 1984 анзи 21 сентябри æнтæстгинæй багъæуай кодта æ диссертаци æма иссæй историон наукити кандидат. Ци хъиамæт бакодта æхсæвгай (бонæ кусти уидæ, Ирæфи райони газет «Ленинец»-и куста бæрнон секретарæй), уой æхе уод æма е ’мхузæнттæй фæстæмæ неке зонуй. Æхцæуæн адтæй хеуæнттæн, лимæнтæн, фал еугуремæй æхцæуæндæр ба адтæй æ ниййергутæн.

Баликъой-фурт 1985 анзи иссæй нæхе университети историй кафедри ассистент. Мостити Барис исонибони берæ устур æнтæстдзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кастæй Тотразмæ, дардта æ зæрдæ – æнæзийнадæ, кустуарзон, зæрдерис лæхъуæнæн цубур рæстæгмæ æ хъаурæ ке исуодзæнæй историон наукити доктор исун. Фал, ци гæнæн ес, Тотразæн е ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ цæугæ рауадæй Астæуккаг Азимæ.

Барис æй раст цума зонгæ кодта, уотæ ин фæдзахста: «Дæ бон æй, æма мæ цардæгаси ку нæ, уæддæр мæ фæсте багъæуай кæнæ наукити доктори диссертаци...»

Тотрази кæд хъæбæр фæндадтæй æ

# Æ УÆЛЗÆНХОН ЦАРД АДТÆЙ КАДГИН, Æ РОХС НОМ – ÆНОСТÆМÆ ИМИСУЙНАГ...



**ДЗИДЗОЙТИ Валерий,**
**историон наукити доктор, профессор**

Хуцау мин ци хуарздзийнæдтæ исаккаг кодта, уонæн сæ агъазиаудæрбæл уой нимайун, æма мæ фæххайгин кодта уæхæн зæрдтаг æрдхуæрдтæй, кæцитæй дæн хъæбæр сæрбæрзонд, федарæй сæбæл дарун мæ зæрдæ алли уавæри дæр. Уæхæн æмбал мин адтæй чиколайаг Баликъоти Мæхæмæти фурт Тотраз... Хъæбæр зæрдхъурмæй æй зæгъун: «Адтæй...» Хуцау мин æй алæмæти æхцæуæнæн исаккаг кæнгæй, фæффудевгед кодта уомæй – не ’рдхуарддзийнади фарнæй нæ бафсæдгæй мин æй, байагурдта æносон дуйнемæ... Бæргæ бæлдтæн æ хуарздзийнæдтæмæ гæсгæ ’й ести æхцæуæндзийнæдтæй барæвдаун, фал... Зæрдхъурмæй хъонц кæнунæй æндæр мæ бон нецибал æй... Бæргæ, мæ аци финстæг дæр мæ ауæхæн хузи финсун ку нæ багъудайдæ. Мæ зæрди адтæй цийнаг хузи мæ зæгъуйнæгтæ зæгъун – иннæ анз ноябри Тотразбæл гъæуама исæнхæст адтайдæ фараст æма æртинсæй анзи, æма мæ фæндадтæй мæ зæрдтагон арфитæй ин æ зæрдæ барохс кæнун. Фал мæ еци фæндæй, гъулæггагæн, нецибал рауайдзæнæй... Уой бæсти мæ багъудæй тæфирфæси зæгъуйнæгтæ финсун.

* * *

Мæ бон æй уотæ зæгъун, æма Тотрази хæццæ нæ лимæндзийнадæ ци берæ рæстæгути рахаста, уони дæргъи не ’хсæн ци рахастдзийнæдтæ æма æмзæрдиуондзийнадæ нихсистæнцæ, етæ мæ ихæсгин кæнунцæ, цæмæй си дæн боз æма сæрустур, гъе уой туххæй зæгъун, уæлдайдæр ба нур, æ номерæн бони.

Тотрази хæццæ кæрæдзей комкоммæ базудтан евгъуд æноси æвдайæймаг æнзти. Куд фæззæгъунцæ, берæ цæнхæ бахуардтан еумæ, берæ гъуддæгутæ æма фарстати фæдбæл кæрæдзей лæдæрдтан уотид цæстингасæй дæр, уомæн æма Тотрази хузæн адæймаги хæццæ æнæ уотæ уæн дæр нæ адтæй.

Лæг æ карæмæ ку исхъæртуй, уæд фæстæмæ кæсун ахиддæр райдайуй. Евгъуд æнзти цаутæ, хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр си ци адтæй, уони имисуй. Нимайуйнæгтæ, рабаруйнæгтæ исберæ унцæ. Берæ цидæртæ феронх кæнæн, фал хуарз æма æхцæуæнæй ци фæууй нæ царди, етæ ба уæддæр нæ зунди ниффедар унцæ нæ хæццæ царди кæронмæ. Æма уонæй тæккæ устурдæр гъæздугдзийнадæ адæймагæн, баруагæс уи уæд, æнцæ æ бийнонтæ, уæдта æ хуарз æрдхуæрдтæ, æма еци гъæздугдзийнæдтæй Тотраз хуæрзæнхæст адтæй. Уомæн æвдесæн – æ карни еугур хабæрттæ æма цаутæ.

* * *

Абони мæ уæддæр цубурæй æримисун фæндуй Тотразæн æ цардвæндаги хабæрттæй кæцидæрти. Нæхе паддзахадон университети историон факультет каст фæуугæй, еуцæйбæрцæдæр рæстæг куста æ райгурæн гъæу Чиколай фиццаг астæуккаг скъолай историй ахургæнæгæй. Æ куст æ зæрдæмæ цудæй, е ’мкосæг ахургæнгути æма ахурдзаути ’рдигæй дæр бæрзонд аргъгонд цудæй. Ами партион организаций коммунистти фæндонæй æй райстонцæ Коммунистон партий рæнгъитæмæ дæр. Уæдмæ ба ’й исæвзурстонцæ Ирæфи райони фæскомцæдеси райкоми хайади разамонæгæй дæр.

Куд уинæн, уотемæй æ карни хабæрттæ зæрдæмæдзæугæ цудæнцæ. Фал æй еу бæлдæ æнцад нæ уагъта – наукон кустмæ ’й æ зæрдæ хъæбæрдæр ивазта. Фæсаууонмæ бацудæй нæхе университети аспирантурæмæ. Æ наукон разамонæг иссæй историон наукити доктор, профессор Мостити Мухарбеги фурт Барис. Аци искурдиадæгин ахургондæй æма дессаги зæрдхæлар адæймагæй цал æма цал адæймаги байзадæнцæ бозæй. Хъæбæр уарзон ахургæнæги фæдзæхст уой цардæгасæй исæнхæст кæнун, уæддæр ин е нæ бантæстæй – Барис уæдмæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй. Æма уæд Тотраз æхецæн федарæй загъта: «Бариси фæдзæхстæн æнæ исæнхæст кæнæн нæййес!..»

Кæд уавæртæ æнцон нæ адтæнцæ, уæддæр 1991 анзи кæрони æ диссертаци цæттæ адтæй, минкъий цидæртæ ма ’й гъудæй. Фал советон паддзахади ниппурхи фæсте берæ гъуддæгутæ дон æ бунмæ фæлласта. Таджикистани дæр райдæдтонцæ хæлхъойтæ. Æма уомæ гæсгæ Тотраз 1993 анзи фæстæмæ исæздахтæй нæхемæ. Нæ ирдта куст институтти, Чиколай дæр – неци хиццаг. Хуарз æма уæди рæстæги райони газет «Ленинец»-и редактор Бесолти Æхсарæ хуарз зудта Тотрази хъаурæ, уой размæ еумæ дæр кустонцæ редакций, æма ’й æрбакодта косунмæ редакцимæ. Æма уотемæй рабæрæг æй ме ’рдхуарди еума ацъагъуæ – журналистон искурдиадæ. Иссæй Советон Цæдеси журналистти Цæдеси иуонг дæр.

Цанæбæрæг рæстæг рацудæй, æма ин уæдмæ ба фадуат фæззиндтæй университети косун райдайунæн. Иссæй политологий кафедри ахургæнæг.

Фæстæдæр ба ’й иснисан кодтонцæ университети социалон-гуманитарон ахуради Центри ректорæй, æ бæрнæхсти – 16 кафедри, 200 ахургæнæгей бæрцæ.

**Зундгонд финсæг æма публицист, Цæгат Иристони Хетæгкати Кхостай номбæл паддзахадон премий лауреат Козлов Николай Александри фурти райгурдбæл 5 декабри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1912-1990).**

*æ бийнонти ’хсæн уогæй хуæрзæгъдаудзийнадæ æма цæсгондзийнадæ, рæстзæрдæдзийнадæ, адæймагуарзондзийнадæ ке тоги нæ бацудæнцæ, е сæ адæми ’хсæн æвдесунгъон нæ исуодзæнæй. Иннемæй ба – адæми ’хсæн уогæй си илгъагдзийнæдтæбæл ка фæццалх уа, е сæ æ бийнонти ’хсæн дæр кæндзæнæй. Æма уой уæхуæдтæ нæ уинетæ?..*



Берæ ихæстæ си æнхæст кæнун гъудæй, фал уой уæлæнхасæн кастæй лекцитæ, архайдта наукон конференцити, финста уацхъудтæ, методикон æрмæгутæ киунугути, адтæй журнали редколлегий иуонг, берæ диссертацитæ æма киунугути рецензент, оппонент. Еци-еу рæстæг ба цæттæ кодта доктори диссертаци. Бæргæ ’й фæндадтæй æ фиди зæрдæ барæвдаун æ диссертаци багъæуай кæнунæй, фал ин нæ бантæстæй уой цардæгаси еци гъуддаг исаразун. Берæ цидæртæ ’й бахъор кодтонцæ. Фал уæддæр æ разæнгарддзийнадæ нæ нидæн кодта. Уоййасæбæл æнцон ба ин кæми адтæй!.. Æ мизди къапеккитæ харзгонд цудæнцæ æ наукон хабæртти фæдбæл балцитæбæл. Къапеккити миздæй æнцон цæуæн кæми адтæй Мæску, Ростов, Стъарапол, Нальчик, Черкесск, Махачкала æма æндæр сахарти архивтæмæ. Фал уæддæр исхъаурæ кодта.

Мæнæн дæр мæ бон ци адтæй, уомæй ме ’рдхуарди фарсмæ куд нæ балæудтайнæ – 1998 анзи мæ куст Нальчиккæй Дзæуæгигъæумæ æрбайййивтон, нæхе университети федаргонд æрцудтæн политологий кафедри сæргълæууæгæй æма историкон факультети деканæй. Аллихузи нæ куст еумæ адтæй, уой размæ дæр. Зудтон Тотрази æнтæстдзийнæдтæ, фал мæмæ æхе ку ’рбахадта: «Валерик, ду мин куд уай наукон консультант доктори диссертаци финсунмæ, уотæ мæ фæндуй». Хъæбæр æхцæуæн мин адтæй, æгайтима мæбæл æ зæрдæ даруй, зæгъгæ.

Уæдмæ берæ наукон уацтæ адтæй Тотразмæ, фал сæ фулдæр национ политикæ æма Устур тугъди рæстæгбæл. Мæ зæрдæ дардтон, бафтуйдзæнæй æ къохи, мæстаг, фæсмойнаг мæнæн нецæмæй уодзæнæй. Фал уæддæр сагъæсти бафтудтæн – уой дæр уомæ гæсгæ, æма бавналдта наукон-æртасæн, политикон æгъдауæй æгæр зин, уæззау темæмæ: «Национальная политика Советского государства на Северном Кавказе в годы Великой Отечественной войны 1941-1945 гг.» Уой фæдбæл цалдæр хатти фæдздзубанди кодтан, дузæрдугдзийнадæй нæмæ ци гъудитæ фæззиннидæ, уонæбæл, фал уæддæр федарæй исфæндæ кодта аци темæбæл бакосун. Еци гъуддаг цæйбæрцæбæл зин æнхæстгæнæн адтæй, е ба бæлвурд адтæй уомæй дæр, еци фарстамæ уæди уæнгæ наукон æхсæнади аккаг каст кенæ æгириддæр нæ цудæй, кенæ ба уæлæнгæйтти. Æма еци «нæхъæртондзийнадæ» банхæст кæнун бантæстæй Тотразæн.



Наукон-теоретикон æгъдауæй Баликъой-фурти докторон диссертаци нæ историон науки байахæста зингæ бунат. Æ докторон диссертацимæ гæсгæ ци киунугутæ бацæттæ кодта, уони абони дæр хъæбæр ахсгиагæй байагорунцæ, уой дæр айдагъ аспиранттæ æма докторанттæ нæ, фал Уæрæсей алли рауæнти уæлдæр ахургæнæндæнтти ахургæндтæ дæр – Мæскуйæй, Санкт-Петербургæй...

Æ наукон архайди нимæдзæ, наукон æгъдауæй нецæййаг «дессагдзийнæдти» («жаренные факты») фæдбæл нæ догъ кодта, фал алцæмæдæр кастæй æма алцæмæндæр аргъ кодта рæстадæ æма наукон ахедундзийнади цæстингасæй. Алцæмæдæр кастæй лæмбунæг, рецензент кенæ оппонент уогæй, Тотраз ци диссертаци бакæсидæ, уой туххæй уийанæ æдас – аккаг хузи финст ку нæ уидæ, уæд ин Тотраз, куд фæззæгъунцæ, «цъæх над» нæ равардтайдæ. Æ хатдзæгти хæццæ алкæддæр адтан аразы. Фал ин еухатт ба уæддæр цæмæдæр гæсгæ уотæ бакодтон:

– Ме ’рдхуард, æгæр карз ма уо, бустæги арф ма ’згелæ...

Тотраз бахудтæй æма мин уотæ загъта:

– Хуарз лæг! Лимæндзийнадæ хъазар æй, фал дæхе ахургонд дæн, куд мин амудтай, уотæ кæнун. Æз лæгъуз ку уон, уæд дæу дæр лæгъуз ахургæнæг хондзæнæнцæ.

Æхе нивгун, амондгун адæймаг худта мæ хуарз æрдхуард Баликъоти Тотраз. Кæд æй берæ гъуддæгутæ гъигæ дардтонцæ, уæддæр. Уотæ фæззæгъидæ: «Мæ тæккæ кари дæн, исдæн æцæг баба, мæ кæстæртæй æма уони кæстæртæй зæрдрохс дæн… Мæ алфамбулай берæ уарзон хеуæнттæ, æмгæрттæ, мæ æзини æма абони ахургæнгутæ, курухон хестæртæ, хъазар æрдхуæрдтæ, кæцити уарзт мæ тавуй æма мин дæттуй устур нифс. Рæстзæрдæй цийнæ кодтон, кæнун æма кæндзæнæн! Боз дæн хуарз адæмæй, цардæй!..» Мæн зæрдæ дæр байгъæлдзæг уидæ аци лæгмæ игъосгæй, дессаги нифси хецау адтæй.

«Дигорæ»-йи редакций косгæй, ци æрмæгутæ ниммухур кæнидæ, етæ дæр ин дессаги зæрдæмæдзæугæ уиуонцæ, адæймаги арф гъудитæбæл бафтауиуонцæ.



Тотраз университети е студентти хæццæ.

* * *

Абони ма мæ еу гъуддаги туххæй æнæмæнгæ зæгъун фæндуй. Лæгæн æ фæскъилдун федар ку уа, уæд æ нифс устур æй. Тотразмæ ма еци хузи дæр устур нивæ ракастæй. Æ цардæмбал Хъарати Исай кизгæ Нинæ уомæн федар æнцойнæ ку нæ адтайдæ, уæд Тотрази уавæр фæлмастдæр адтайдæ. Бийнойнаг æ усхъæ ку нæ дара, ку нæ дæ лæдæра, уæд еске нæ, фал дæхе диссертаци кенæ киунугæбæл дæр хъæбæр зин архайæн æй. Æз мæхуæдæг æвдесæн дæн, Тотразмæ ци цæстингас дардтонцæ æ бийнонтæ, æ кæстæр æнсувæр Рамазан. Уомæн етæ адтæнцæ æ хъаурæ, æ исонибон.

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн зундгин загъд: «Лæги рагъи – дууæ уаргъи: ци бакодта хуарзæй æма ма ци бакæндзæнæй арфиагæй!..»

…Тотразæн берæ арфиаг гъуддæгутæ ма исаразун бæргæ бантæстайдæ, фал, гъулæггагæн, уомæн ин равгæ нæбал фæцæй… Уомæ гæсгæ ба, баруагæс уи уæд, æ цардвæндагбæл рацæугæй, ци берæ хуарздзийнæдтæй фескъуæлхтæй, етæ дæр дзæвгарæ ’нцæ, цæмæй æ уодæнцойнæн зæгъæн: «Æ уæлзæнхон цард – кадгин, æ рохс ном – æностæмæ цæруйнаг...»

Цæгат Иристони æскъуæлхт хузæгæнæг Цъæхилти Урусхани фурт Сергейбæл 5 декабри æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи. Æ конд хузтæ æвæрд æнцæ нæ республики, Уæрæсей æма фæсарæйнаг бæстити музейти.

**БАЛИКЪОТИ Тотраз: «Сувæллон куд ирæзуй, уотæ фулдæр ахур кæнуй хестæртæбæл: хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр ци игъосуй æма уинуй уомæй сæ фæнзуй. Мæ зæрдæбæл бадардтон еу ахургæнæги ауæхæн финст: «Æз бабæрæг кодтон авд-астанздзуд сувæллæнттæ кæмæ ес, берæ уæхæн бийнонтæ. Райдайæн къласти ахургæнуйнæгтæн сæ**

# НÆ КÆСТÆРТÆЙ СÆРУСТУР КУД УÆН!..



*Нæ абони цардиуаги тæккæ ахсгиагдæр, зæгъун æнгъезуй, сагъæссагдæр æнцæ нæ ирæзгæ фæлтæрти аккаг хузи гъомбæлади хæццæ баст фарстатæ. Уой фæдбæл адтæй сæ дзубанди БИЧИЛТИ Алетæ æма БАЛИКЪОТИ Тотразæн.*



**АЛЕТÆ:** Алли догæ дæр адæми цардиуагæмæ æхе æййивддзийнæдтæ хæссуй, æма етæ ба æнæфæззингæ нæ фæуунцæ кæстæрти зундирахастбæл дæр, уой дæр цæмæйдæрти лæгъузæрдæмæ. Æма хестæртæ афойнадæбæл ку нæ батухсонцæ, кæстæрти еци лæгъуздзийнæдтæй багъæуай кæнунбæл, цæмæй син сæ зундирахаст ма исусхъуммитæ кæнонцæ æма царди раст нæдтæбæл цæунæй ма фæккеуонцæ. Уомæй ку байрæги кæнæн, уæд куд фæззæгъунцæ, сæринестæй байдзаг уодзинан...

**ТОТРАЗ:** Дæ хæццæ арази дæн. Уæдта дин дæ тухст дæр лæдæрун – фæстаг рæстæгути нæ кæстæрти удварнон гъомбæлади гъуддæгутæбæл еуцæйбæрцæдæр устурзæрдæ ке иссан, уомæ гæсгæ си цидæр зулундзийнæдтæ зиннун байдæдтонцæ. Уой дæр, кæстæрти гъомбæлади сæхе ка исреформатортæ кодта, уони «зундамундтити» фудæй. Ци хузи концепцитæ æма программитæ ба не 'ргъуди кæнунцæ æма сæ туххæй дæр æхсæнади хъури тъунсунцæ.

Хатгай мæмæ уотæ дæр фæккæсуй, æма уони ка æргъуди кæнуй, етæ нæмæ, æвæдзи, нæ зæнхæй хъæбæр идард ка 'й, уæхæн æндæр планетитæй фæззиндтæнцæ, æма догæй-догæмæ нæ адæми еугур фæлтæрти цардгъон ка кодта, нæ фидтæлтиккон еци æгъдæуттæн, æгириддæр неци зонгæй, сæ сæргъæн унаффитæбæл нæ тухххæй дæр гъæуа-нæгъæуайæй бауæндун кæнунбæл архайунцæ. Сæ еци унаффитæ цæйбæрцæбæл нецæййаг æнцæ, е ба хъæбæр тагъд рабæрæг уй – царди æцæгдзийнадæ син æхуæдæг рахæссуй æ тæрхон.

### РАСТ ЦИ УА, УОЙ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ УИНÆГ ДÆР ÆМА ФÆНЗÆГ ДÆР ГЪÆУАМА УА!..

**АЛЕТÆ:** Уотемæй ба кæстæрти гъомбæлади ес берæ уæхæн берæ гъуддæгутæ, кæцитæн сæ цардгъондзийнадæ исбæрæг æй нæ фидтæлти фæлтæрддзийнадæй. Æма сæмæ уæд абони лæмбунæг цæмæннæ æркæсæн æма си нæ нуриккон цардиуаги уавæрти хæдзардзиндæрæй цæмæннæ пайда кæнæн?!

**ТОТРАЗ:** Раст зæгъис. Æцæгæйдæр, нæ фидтæлти фæлтæрддзийнадæмæ лæмбунæг цæмæннæ æркæсæн æма си хуарзæй æма бафæнзуйнагæй ци ес, уомæй цæмæннæ гъæуама пайда кæнæн нæ еумæйаг фæрнугади сæрбæлтау. Уæлдайдæр ба – нæ ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади гъуддаги.

Æрхæсдзæнæн мæнæ ауæхæн дæнцæ. Кæддæр, Цитгин октябри революций размæ нæмæ уагъд цудæй газет «Терские ведомости». Æма уой ку рахатæн, уæд си берæ æрмæгутæ ес иссерæн, мах адæммæ кæстæрти гъомбæладæ куд æвæрд адтæй, уой тухххæй дæр. Зæгъæн, уоми мухургонд уацтæй еуеми уотæ финсунцæ: «При воспитании детей население держится принципов горского воспитания: при старших не выражать своих суждений, оказывать старшему всевозможные услуги, уступать старшему место, когда он подходит, не садиться без приглашения...» Уæхæн домæнттæмæ гæсгæ ба кæстæртæ æгъдау лæдæрдтæнцæ æма æгъдаугинæй сæхе æвдистонцæ: «Почтение детей к родителям чрезвычайно велико: сын при отце в присутствии посторонних никогда не сядет, никогда не ввяжется в разговор, а говорит тогда, когда его спросят...»

**АЛЕТÆ:** Æма еци æгъдау нæ абони кæстæртæн бафæнзуйнаг нæй? Ниййергутæ сæ кæстæрти цæмæннæ нæ гъомбæл кæнунцæ еци хузи? Уой фудæй ба нури кæстæртæй ес уæхæнттæ, æма сæмæ хестæр – кæмидæрти ба сæ ниййергутæ дæр – нимади нæ 'нцæ...

**ТОТРАЗ:** Абони нин пайдахæссæг ка уидæ, нæ фидтæлти еци фæлтæрддзийнади тухххæй нæ ахургæндтæй беретæ, нæ исфæлдистадон къабæзти косгутæй бацæттæ кодтонцæ цæмæдесаг æрмæгутæ. Уонæй еу – Гостити Ларисæ, не 'гъдæутти тухххæй берæ бундорон берæвæрсуг æсгарæн куститæ ка бацæттæ кодта, еци зундгонд ахургонд Гостити Хъазбеги кизгæ. Хъазбег абони, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд... Æ кизгæ Ларисæ æнтæстгинæй архайуй, æ фидæ уойясæбæл кæми фескъуæлхтæй, еци наукон гъуддаги. Æ берæ уацтæй ин æримисуйнаг дæн еуей – хуннуй «Куд гъомбæл кодтонцæ сæ сабийти нæ фидтæлтæ». Кæд финст хъæбæр раги æрцудæй, уæддæр, ци æрмæг си ес, е лæмбунæг æркæсуни аккаг æй.

Æ уаци тæккæ райдайæни Ларисæ раст баханхæ кодта: ирæзгæ фæлтæри гъомбæлади хæццæ баст фарстатæ цæйбæрцæбæл хуæздæр æвæрд æма лухгонд цæуонцæ, уойбæрцæбæл æнтæстгиндæрæй арæзт цæудзæнæнцæ æхсæнадæн æ цардарæзти еугур социалон-экономикон гъуддæгутæ дæр. Æма бæлвурд дæнцитæ æрхаста, нæ фидтæлтæ ба куд æма цæбæл ахур кодтонцæ сæ цæуæти.

Мах адæммæ гъомбæладон гъуддаг арæзт цудæй, кæрæдземæй фæххецæнгæнæн кæмæн нецихузи адтæй, уæхæн дууæ хаййей фæрци – хæдзари гъомбæл кæнун æма æхсæнади 'хсæн гъомбæл кæнун. Хæдзари гъомбæл кæнун, бийнонти астæу ирæзун – уæхæн фæткæн æ нисанеуæг агъазиау æй, уомæн æма еци уавæри кæстæр кæсуй хестæрмæ æма ин уой менеугутæ зæрдæмæдзæугæ исунцæ, æхецæн сæ бафæнзуйнагæн райсуй.

Сувæллонбæл цалинмæ авд-аст анзи рацудайдæ, уæдмæ гъомбæл кодта æ хæдзари, æ бийнонти 'хсæн, бицщеутæ дæр æма кизгутæ дæр ирæзтæнцæ еумæ, æмвæрстæ. Уони гъомбæл кæнуни гъуддаг фулдæр адтæй кенæ мадæ, кенæ ба зæрæндти – нанатæ æма бабати – бæрни. Етæ, еуемæй, косгæ нæ кæнийонцæ, иннемæй ба уæлдай æхцул уиуонцæ сæ цæуæти бæдæлттæбæл. Уобæл дзорæг æнцæ нæ фидтæлтиккон берæ зундгин æмбесæндтæ: «Зæнæги зæнæг адгин æй», «Зæнæги зæнæг – зæнги магъз», «Зæнæг – тæскъæ, зæнæги зæнæг – муд».

### РÆВДУД ДÆР Æ БÆРЦÆЙ ПАЙДА ÆЙ!..

**АЛЕТÆ:** Кæстæртæ сæ бабатæ æма нанатæбæл æхцулдæр ке фæуунцæ, уой ни алкедæр зонуй – зæрæндтæ син алцидæр бухсунцæ, имонау сæ кæнунцæ. Берæ цидæртæ син хатир кæнунцæ, æгириддæр цæмæн не 'нгъезуй, уæхæн «гиризтæн» дæр. Уой фудæй кæстæртæн æ сабийæй уотид пъæр-пъæр миуи хузæн ци фæууй, е æ сæри зунди бацæуй, гъома, æнгъезуй мин мæхе уотæ дарун, зæгъгæ, гъуди. Æма ку рабайлæгъ уй, уæдта ин фудзунди хузи исфедар уй æ удиконди, фидбилизтæ дæр расайуй. Гъе уотемæй кæстæрти хевæндæдзийнæдтæн хестæрти æнæфбунати бухсундзийнади фудæй гъомбæлади домбайдзийнадæ киуддæр кæнуй...

**ТОТРАЗ:** Æцæгæйдæр, кæстæртæн хестæрти фуррæвдуд хаттæй-хатт нæ фæррæстмæ уй. Уой фæдбæл ма мæ бон уотæ зæгъун дæр æй, æма хестæртæ цардиуаги алли гъуддаги дæр куд домагæ адтæнцæ, гъе уотемæй кастæнцæ сабийти гъомбæладæмæ дæр, сауæнгæ листæг фарстати уæнгæ дæр. Уомæн æма си ке бафæндадтæй, æ кæстæр, уæлдайдæр ба æ цæуæти цæуæт нецæййагæй исирæза.

Æцæг уотæ зæгъæн дæр нæййес, æма хестæртæ алкæддæр æма алцæмæй дæр карз адтæнцæ, фулдæр æфхуæруни мадзæлттæй пайда кодтонцæ. Нæ, сæ уæззау, идæрдтæбæл гъудигæнагæ зундæй игурдæй сæ уайдзæф...



БАЛИКЪОТИ Тотраз æ бийнонти – æ кæстæрти æма уони кæстæрти хæццæ.

### ЗУСТ ÆМА ХИЛИ БÆСТИ БАГЪÆУАГИ ФÆЛМÆН ДЗУРД ТУХГИНДÆР РАЗИННУЙ!..

Уой фæдбæл æрхæссæн бæлвурд дæнцæн. Зундгонд финсæг Бицъоти Гриси финст документалон уацау «Ставд-Дорти-йи бакастæн мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, гъæуккаг бицщеутæй еу, Токати Ким сæ синхаг бицщеу Бортников Адольфи хæццæ фæллимæн æй. Уой мадæ Иринæ зæнхи куст кæнунмæ дæсни адтæй. Халсари мугтагæй сæ дзæхæрай алцидæр ирæзтæй. Тамаку дæр байтауидæ. Карстæй æй агувзитæй уæйæ кодта. Адольф ин æ тамакутæй радавта æма Кими хæццæ исдумдтонцæ. Æма еци миуæбæл фæццалх æнцæ. Еууæхæни бабæй, нартихуари хуми куд думдтонцæ, уотемæй сæ Кими мадæ Дзæго байайафта. Ким хуарзау нæбал фæцæй, фæннæмдзæнæй мæ, зæгъгæ, фæттарстæй. Мадæ æ фурти сæхемæ фæххудта. Еу уайдзæф дæр ин не 'скодта, фал ин рæвдаугæ гъæлæсæй уотæ бакодта:

– Еунæг бицщеу мин дæ, æма хекарст тамаку цæмæн гъæуама думай?

Еци загъди хæццæ æ дзиппæй æхцатæ исиста æма ин сæ равардта:

– Цо æма къоппити конд тамакутæй балхæнæ...

Туканмæ «осмушкитæ» æрластонцæ – устур лæгтæ ке думдтонцæ, уæхæн тамакутæ. Æма си Ким балхæдта. Кæдмæ ин исфагæ 'нцæ, уæдмæ фæддумдта æргомæй. Тамакутæ фæцæнцæ æма цæйбæрцæдæр рæстæг нæбал бадумдта. Мадæ ин уотæ:

– Цæмæннæ думис?

– Нæбал мæмæ ес, – загъта бицщеу.

– Думгæ кæнæ, – загъта мадæ. – Нæ гъог дæр рауæйæ кæндзинан, уæддæр дæ тамаку ма ниуудзæ.

Мадæн æ еци загъд кæд фæлмæн хузи адтæй, уæддæр си ци маст, ци катайтæ игъустæй, уой куд нæ балæдæрдтæй Ким. «Тамаку цæмæй думон, уой тухххæй нæ гъог гъæуама рауæйæ кæна?» – искатай æй бицщеу. Æма уайтæккæдæр æхецæн карзæй ислух кодта: «Нæбал бадумдзæнæн, нæбал...» Мадæн дæр федарæй дзурд равардта, ке нæбал бадумдзæнæй, уой тухххæй.

Нур ба уæхуæдтæ расагъæс кæнетæ, куд зундгин разиндтæй еци силгоймаг, уобæл. Гæнæн адтæй, æма æ фуртæн, хъæбæр фæххилæ кодтайдæ, нæмгæ дæр æй ракодтайдæ, фал ин уотемæй тамаку думун ниуудзун кодтайдæ?.. Магъа-магъа...

Нæ фидтæлтæ уæлдай устур æргом æздахтонцæ, цæмæй кæстæртæ æнхæст уонцæ, царди æнæмæнгæ ка гъудæй æма федауцæ кæмæй кодта, уæхæн гъуддæгутæй дæр: хестæртæн кадæ кæнун, хуæдæфсармæ, æнæсайд æма рæстзæрдæ адæймаг ун, райгурæн бæстæбæл æновд ун... Æгъдаубæлхуæст хестæртæй неке ниббухстайдæ нæдæр æхе цæуæтæн, нæдæр ба сауæнгæ синхбæсти дæр æма гъæубæсти дæр æндæр кедæр кæстæртæн дæр æвæдауцæдзийнадæ.

**АЛЕТÆ:** Нæ дзубандий кæронбæттæни ба ма, Тотраз, уой зæгъуйнаг дæн, æма нæ фидтæлтæмæ кæстæрти гъомбæлади æгъдæуттæн сæ зингæ-зингæдæр хай абони дæр æй ахсгиаг æма бафæнзуни аккаг. Куд хуарз уидæ, етæ нæ нури рæстæги, берæ цæмæйдæрти нин нæ фæсевæди ка дзæгъæлтæ æма рæдуйунтæ кæнуй, еци уавæрти ку исцæрæццаг уиуонцæ æма сæ фарнæ тæккæ агъазиаудæрæй ку фæббæрæг уидæ нæ кæстæртæн сæ зундирахастбæл, сæ цардиуагæбæл... Кутемæй?.. Еци фарстæн, ка 'й зонуй, алкæмæ дæр разиндзæнæй æхе дзуапп. Фал уæддæр еумæйагæй ба уотæ зæгъæн ес, æма фиццагидæр архайун гъæуй, цæмæй хестæртæй алкедæр гъæуама æхе хуæрзæгъдауæй дæнцæ уа кæстæртæн, цæмæй кæстæртæ хуарз æма лæгъуз æртасунгъон уонцæ æма фæнзонцæ, сæ карнæ син федауцæй аразунæн хуæздæр ци фæййагъаз уодзæнæй, уой.

***Аци æрмæг мухургонд æрцудæй газет «Дигорæ»-йи 2020 анзи 24 августи.***

***цуппаринсæй процентæмæй фулдæр сæхемæ зелун нæ зонунцæ, сæ дарæс син кæдзос кæнунцæ сæ мадтæлтæ. Умæн æма сæ уобæл нæ ахур кæнунцæ сæ нийиергутæ». Еудзурдæй, мæ дзубанди цæуй умæ: нæ кæстæртæй нæбæзгæ ’нцæ, зæгъгæ, ке хонæн, уæхæнттæ ку рауайуй, уæд уоми фудгин фæуунцæ нийиергутæ...»***





Чиколай фиццаг астæуккаг скъола, кæций æ рæстæги каст фæцæй БАЛИКЪОТИ Тотраз дæр.

# БОЗ СИ АН, АРФÆ СИН КÆНÆН!..

**БАЛИКЪОТИ Тотраз**

**Ахур. Ахургæнæг. Ахургонд. Аци æртæ къæпхæнемæн кæрæдземæй фæххецæн кæнæн æгириддæр нæййес, уомæн æма сæ нисанеуæгæй хъæбæр æнгом баст æнцæ еумæ. Адæймаг æ райгурцæй ба æ рамæлæти уæнгæ ахур кæнуй, кæми æхе фæндæй, кæми ба ’й фадуæттæ барæ-æнæбари дæр еци гъуддаги байефтиндзунцæ. Уой хæццæ ба ма цард æма куст, æрдзæ сæхуæдтæ дæр берæ гъуддæгутæбæл исахур кæнунцæ махæй алкедæр.**

Мадæ æма фидæ, бийнонти цардиуаги фæткитæ исунцæ нæ зундамонæг, царди раст надбæл аразæг. Уобæл секк неке хæссуй. Фал, уæддæр берæ гъуддæгутæ ба æнæ скъола, æнæ ахургæнæгæй базонун хъæбæр зин æй. Ахургæнæги фæрци базонæн финсун, кæсун, нимайун, дуйней исконди сосæгдзийнæдтæ нин раргом унцæ. Ахургæнгути фæрци бауарзæн кæцидæр дæсниадæ æма ецирдæмæ исаразæн нæхе. Уæлдæр ахури дæр æнæ ахургæнæгæй размæ цæуæн нæййес. Ами, гъома, институттæ æма университетти ци ахургæнгутæ – сæ фулдæр наукити кандидаттæ æма доктортæ, доценттæ æма профессортæ – косунцæ æма фæсевæди цидæр бæлвурд дæсниæдтæбæл ахур кæнунцæ. Етæ дæр кæддæр ахурдзаутæ адтæнцæ. Уонæн дæр сæ нури наукон бæрзонд къæпхæнтæмæ исхезунмæ над байгон кодтонцæ, кæддæр сæхуæдтæ ци скъолати ахур кодтонцæ, уоми косæг ахургæнгутæ, кæцитæ син равардтонцæ бундорон зонундзийнæдтæ, бауарзун син кодтонцæ кæцидæр дæсниадæ. Равардтонцæ син нифс, разæнгарддзийнадæ. Уотæ хуматæги нæ фæззæгъунцæ: «Æ ахурдзау æхецæй кæмæн нæ фæллæгдæр æй, е æнтæстгин ахургæнæг нæй!..»

Уомæ гæсгæ зæгъун уæхæн гъуди: Чиколай фиццаг астæуккаг скъолай ка куста æма косуй ахургæнæгæй, уони бон æй хъæбæр сæрбæрзонд ун. Аци скъола ка фæцæй каст фæйнæ догеми, уонæй нури директор Гульчети Аслани нимадмæ гæсгæ цуппæрдæс æма инсæй адæймаги иссæнцæ наукити доктортæ, кандидаттæ ба – дзæвгарæ фулдæр. Иннæ рауæнти нæ зонун, фал Иристони дæр æма Цæгат Кавкази дæр еунæг скъола дæр нæма равардта уал устур ахургонди. Æма æнæйæнойти æрцæуæг хабар нæй – е уой фæрци æй, æма ами алкæддæр кустонцæ æма нур дæр ма косунцæ дессаги ахургæнгутæ. Уонæй алке туххæй дæр æнгъезуй устур уацтæ нифсун, æма мин хатиргонд фæуæд, нур еци ихæс мæхемæ ке нæма есун, е. Абони ба мæ зæрди ес ке гъуди кæнун æма зæрдæхцæуæнæй ке имисун еудадзуг, мæхецæн мин кæддæр зонундзийнæдтæ ка лæвардта, нийиерæг мади хузæн мин зунд ка амудта, еци силгоймаг ахургæнгути туххæй. Кадæртæ си абони цардæгас нæбал æнцæ, æма син нæ Исфæлдесæг дзенети рохсдæр бунат исаккаг кæнæд… Беретæ ба си нерæнгæ дæр ма фæрнæй косунцæ. Хъæбæр ихæсгин ан сæ размæ, царди тонхи, нийиергутæй фæстæмæ, уони фæрци исирæзтан нæ бунæтти. Сæ аккаг рæсугъд, фæлмæн, зæрдæлхæнæн дзурдтæ иссерун мæн бон æнхæстæй нæй аци бæрæгбони дæр. Фал уæддæр мæ нифс хæссун уони туххæй мæ арфиаг гъудитæ бавзарунмæ.

Скъоламæ цæуни афонæ мин ку æрхъæрттæй, уæд ахид райгъосинæ мæнæ ауæхæн зæгъдтитæ, сувæллон, дан, скъоламæ бацæуæгæй фиццаг анз кæци ахургæнæги къохмæ бахауа, уомæй берæ арæзгæ ’й. Мæ нанай хъæбæр фæндадтæй, Хекъилати Агубекири кизгæ Розæмæ (дзенети рохс бунат æ хай) куд бахаудтæйнæ, уотæ. Æма, æцæгæйдæр, уотæ рауадæй. Цуппар анзей дæргъи Розæ хе мадау фæттохæн кодта нæ хæццæ, царди рохсмæ нин нæ цæститæ байгон кодта. Кæсун, финсун, нимайун ку базудтан, уæд ма махæй лæгдæр ка ’дтæй!..

Ци фæлмæн цæстингас нæмæ дардта, е мæ зæрди ку æрбафтуйуй, уæд сагъæсти ранигъулун. Мæнæ еу хабар ракæнон: Розæ нин айдагъ зонундзийнæдтæ нæ лæвардта, фал ма нин нæ царди хабæрттæмæ дæр лæмбунæг цæстæ дардта, сауæнгæ ма нин нæ кæдзосдзийнадæмæ, рæвдзæмæ дæр устур æргом æздахта. Еу бон кæсуй æма кæмæндæр æ къахидарæс цъумур. Æз ба рæнгъи æ фарсмæ лæуд фæдтæн. Розæ æ медбилти фæлмæн худт бакодта æма дзоруй:

– Мæнæ уинис, дæ фарсмæ уомæн æ цулухътæ кремæй куд æрттевунцæ, уой… Е нæ зийнадæ кæнуй уони кæдзос кæнунмæ. Æцæйнæ, Тотраз, дæхуæдæг сæ нæ фæссæрфис кремæй?..

– Нæ, Бида (мæ фиди хуæрæ, рохсаг уæд) мин сæ фæккæдзос кæнуй…

Къласи кадæр адтæй, етæ мæ еци дзуапбæл нихxудтæнцæ. Розæ æхуæдæг дæр, æнгъæлдæн, хуарзау нæбал фæцæй, фал уæддæр æ фæлмæн къохæй мин мæ сæр æрсæрфта æма еци ходгæй загъта:

– Е, мæ биццеу, ку мæ фæхходуйнаг кодтай...

Абони дæр ма си фæсауунмæ æфсæрми кæнун, фал уой сайтан ка адтæй, æма ин мæ раст дзуаппæй æ фæндæ иннердæмæ низелдзæнæн.

Хестæр къæласти ку ахур кодтан, уæддæр Розæ махбæл æ хуæст нæ уагъта, сæхемæ дæр ахид уадан.

Раст цума нæ мадтæлти æма фидтæлти хуæрттæ адтæнцæ, уотæ ахур адтан нæ силгоймаг ахургæнгутæбæл. Берæ дæ ка уарза, уомæй фæстæмæ дин неке ниууодæнсдзæнæй дæ фудаг, æнæсæр миутæ.

Цорити Рози (Æлбегонти Дриси кизгæ) фæрци цидæртæ æргъæвун байдæдтан немуцагау, уогæ хаттæй-хатт нæ «немуцаг» радзубандити дигорон æздæхтæ дæр фæззиннидæ. Мадта Карнова Валентинæ Николайи кизгæ куд зæрдæй амудта махæн уруссаг æвзаг æма литературæ!.. Сауæнгæ ма нин еристæ дæр исаразидæ – ка фулдæр къуплеттæ исахур кæндзæнæй поэмæ «Мцыри»-йæй, уæдта сæ рæсугъддæр ка радзордзæнæй. Цæргæ ба кодта, ахургæнгутæн скъолай тургъи ци еумæйаг хæдзарæ адтæй, уоми. Æма еу хабар мæ зæрдæбæл абони дæр ма дарун. Цæветтонгæ, берæ хæттити фæсуроктæ скъолай тургъи ести гъæзтитæй гъазианæ, æма нæмæ ахид фæдздзоридæ, рауайтæ, ести рахуæретæ, зæгъгæ.

Иннæ уæхæн зæрдхæлар адæймаг нин адтæй хузæкæнуни ахургæнæг Коновалова Валентинæ Георгийи кизгæ. Кæстæр къæласти ку ахур кодтан, уæд нин хъæбæр лæмбунæг амудта алли «листæг миутæ» – къариндас куд циргъ кæнгæй, куд ибæл хуæцгæ ’й, цæмæй раст гура гæгъæдибæл... Кенæ хестæр къæласти ба черчений урокти цæйбæрцæ ухери кодта нæ хæццæ…

Ци берæ дессæгтæ нин радзоридæ, уæдта химий къæбинети цитæ бавдесидæ нæ уарзон, нæ хъазар хестæр Богданти Зарифæ (Батæрти Хъубадий кизгæ). Хъæбæр цæмæдесæй цудан æ уроктæмæ, ку фæббайлæгъдæ ан, хестæр къæласти ку ахур кодтан, уæдта уой къохæй дæр берæ хæттити бахуардтан, ахид цудан сæхемæ – куд æ фурт Руслани (Тазрети) æмкъласонтæ, уотæ. Ами ма мæ уой зæгъун фæндуй, æма уæди рæстæгути сувæллонттæ берæ æхцулдæр адтæнцæ кæрæдзебæл, мадта сæ нæдæр сæхуæдтæ, нæдæр ба сæ нийиергутæ æгириддæр нæ дехтæ кодтонцæ, гъома, уæртæ е хуматæги зæнхкосæги сувæллон æй, мæнæ айæ ба – ахургæнæг кенæ æндæр ести чиновникки сувæллон. Уæхæн дехтæ кæнун еунæгей зæрди къуми дæр нæ разиндтайдæ, уомæ гæсгæ скъолай биз-биз кæмæй кæнианæ, еци ахургæнæги хæдзарæмæ фæсуроктæ ба æдзæстхезæй бацæуианæ, сæ къæбæрцæнхæй исахуадианæ. Нури доги «социалон дехтæн» сæ кой дæр некæми адтæй. Уогæ е æндæр, хецæн дзубандий хабар æй æма ’й æ рæстæги ракæндзинан.

Нур ба мæ дзубанди идарддæр кæнун æма мæ уой зæгъун фæндуй: абони дæр, берæ æнзти фæсте махбæл хъæбæр бацийнæ уй Дзедати Софья (Озити Амурхани кизгæ). Уой фæрци базудтан æма бауарзтан ирон æвзаг æма литературæ. Хестæр къæласти дæр ма мин мæ гъостæ исивæзтитæ кæнунбæл нæ байауæрдидæ, уæдта нæ изæрæй ба сæхемæ фæххинцидæ къеретæ æма нард карки фидæй. Арфиаг си куд нæ ан… Аци рæнгъæ ку рафинстон, уæд уайтæккæ мæ зæрдæ фæкъкъæпп кодта æвеппайди æнкъард гъудийæй: мах си бæргæ боз ан, фал ни, цума, е ба уотæ боз æй… Мæхецæн æй уайдзæфæн есун – е махбæл уотæ æновуд адтæй, мах ба нур нæ евдæлуй, уой бабæрæг кæнунмæ…

Уæлдæр ахургæнæндонæ куд фæцæнцæ, уотемæй мах скъолай косун райдæдтонцæ æма нин еци æригонæй адтæнцæ ахургæнгутæ Цорити Фатимæ Хаджеумари кизгæ, Кудзойти Зæринæ Геуæргий кизгæ, Къочити Ларисæ Рамазани кизгæ, Будайти Ритæ Дзахой кизгæ, Бабочити Валентинæ Морадини кизгæ, Тъуриги Верæ Тазей кизгæ æма ма берæ æндæртæ.

Цал фæлтæри рафæндараст кодтонцæ царди устур нæдтæбæл етæ уал анзей дæргъи… Еци фæлтæртæй беретæ сæхуæдтæ дæр иссæнцæ ахургæнгутæ. Гъо, нæлгоймаг ахургæнгутæ дæр адтæй æма ес скъолати, фал си силгоймаги ба уæддæр неке рамолдзæнæй.

Нийиерæг мади цæстингасæй кæсуй силгоймаг ахургæнæг æ ахурдзаутæмæ, æма сæмæ кæд æндæрхузи дзоруй, уæддæр сæбæл ауодгæ ба зæрдæй кæнуй... Зин æй дууæ уæхæн уаргъи хæссун – мадæ ун дæр, уæдта ма ахургæнæг ун дæр. Советон паддзахадæ æ рæстæги аллихузи дæр архайдта уонæн устур аргъ кæнунбæл, уæлдай боц сæ кодта аллихузи хуарздзийнæдтæй. Фал нур ба догитæ исæндæрхузон æнцæ, ахургæнæг ци кади аккаг æй, еци кадæ ин нæбал кæнунцæ, æгæр карз уæмæ ма фæккæсæд мæ загъд, фал исæгадæ ’й паддзахадæмæ. Нæлгоймæгтæ дæр, æвæдзи, хуматæги нæбал комунцæ скъоламæ ахургæнгутæй… Æма ирæзгæ фæлтæрти аци æмæнтъери рæстæгути раст зундбæл ахур кæнуни уæззау уаргъ æнæгъæнæй дæр силгоймæгти усхуитæбæл ранцадæй.

Æз мæхуæдæг дæр финддæс æма инсæй анзи ахургæнæгæй косун. Раст зæгъгæй, кæд уæлдæр ахургæнæндони, уæддæр хъæбæр хуарз зонун не скъолати уавæртæ, уомæн æма нин, еуемæй, федар бастдзийнæдтæ ес, иннемæй ба, æгирид неци, фал уæддæр еци скъолатæй ка рацæуй, етæ махмæ не ’рбацæунцæ æма уонæмæ гæсгæ куд нæ базонæн, нæ адæмон ахуради аxсгиагдæр къабæзтæй еуеми, астæуккаг скъолай цитæ цæуй, уой…

Еци хабæрттæбæл дзорунмæ мæ нур нæ евдæлуй, уомæн æма сæмæ адæймаги зæрдæ мæтъæл кæнуй. Абони ба мæ фæндуй зæрдрохс дзубанди кæнун, уомæ гæсгæ ба мæхемæ есун еци ихæс, æма Чиколай фиццаг астæуккаг скъола ка фæцæй каст, еци нæлгоймæгти номæй зæрдиаг арфитæ кæнун, ахургæнæгæй ка косуй, еци силгоймæгтæн, бустæги ба нæ уарзон скъолайæй царди устур нæдтæмæ хузæрзцæттæй кæмæ фæрци рацудан, уонæн.

Уæ хъиамæттæ фæсмойнаг нæ ’нцæ, æма царди хуарзæй цидæриддæр ес, уонæй хайгин уотæ. Зæрдрохс уотæ уæ кæстæртæй, маке зин си фæууинетæ, гъудкæнуйнаг сæйгæй уæ Хуцау бахезæд. Айтæ уоди дохтиртæ, рохситæ, цардæттутæ æма дзæбæхæй цæретæ. Берæ æнзти дæргъи ма æцæгæй зæрдæбæл æмбæлгæ игъæлдзæг бæрæгбонтæ куд фæууинайтæ, еци хуарздзийнадæ уæ уæд. Фæрнæй цæретæ!..

***Аци æрмæг мухургонд æрцудæй газет «Дигорæ»-йи 2018 анзи 16 ноябри.***

***БАЛИКЪОТИ Тотраз: «1920 анзи октябри райдайæни арæзт æрцудæй Фæсевæди Уæрæсеуон Коммунистон Цæдеси III съезд. Уоми архайдта æма радзубанди кодта В. Ленин дæр. Съезди делегаттæ балæвардтонцæ хъæбæр берæ финстæгутæ сæ фарстати хæццæ. Куд съезди иннæ делегаттæ, уотæ цæгатиристойнаг фæсевæди минæвар, киристонгъæуккаг фæскомцæдесон***


Дзæуæгигъæуи аци гъæунгæ хæссуй Цæгат Иристони фæскомцæдес исаразгутæй еу, зингæ партион æма æхсæнадон архайæг ХЪОЙБАЙТИ Николайи (Къолай) ном.

# ЦÆХÆРЦÆСТÆ ФÆСЕВÆДИ ЗИНГЗÆРДÆ РАЗДЗÆУÆГ

**БАЛИКЪОТИ Тотраз**

Цæгат Иристони фæскомцæдеси бундорæвæргутæй еу адтæй Хъойбайти Тотайи фурт Къола (е ’ригонæй æй гъæубæстæ худтонцæ Нæуæг). Советон хецаудзийнадæ Цæгат Иристони ку æрфедар æй, уæд еци цардбæллон лæхъуæн е ’рдхуæрдтæ мæхческаг Дзæгойти Микъала, фæснæйлаг Годзойти Кермен æма фæрæскъæттаг Худæлти Иласи хæццæ устур куст бакодтонцæ Дигоргоми гъæути фæскомцæдесон организацитæ исаразунбæл. Зæрдæргъæвд æма искурдиадæгин адæймаг уогæй, Хъойбай-фурт фæстæдæр иссæй æнæгъæнæ Цæгат Кавкази зингæдæр фæскомцæдесон раздзæуæг. Берæ хуарз гъуддæгутæ исаразун ин бантæстæй. Ка ’й зонуй, никки фулдæртæ æма дессагдæртæ ма ин бантæстайдæ æ рæстуод архайди нæуæг цардарæзти сæрбæлтау, фал евгъуд æноси 30-аг æнзти азари бастъалдæй нæ адæми знæгти фудæй.

Хъойбайти Къолай цардвæндаг æма архайди туххæй, кæд уотæ берæ æрмæгутæ финст не ’рцудæй, уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ аллихузон æрмæгутæ фæззиннидæ мухури фæрæзнити. Уогæ е раздæр, советон рæстæгути адтæй, нури доги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ба уæхæн æрмæгутæ нæбал фæууиндзæнæ, уомæн æма æ адæмæн рæстуодæй ка лæггадæ кодта æма уой хуарзæн æ цард ка иснивонд кодта, уæхæн адæймæгутæ сæмæ нимади нæ ’нцæ, сæ «демократон уодиконди» син бунат нæййес...

Мах ба ’й нæ агъазиау ихæсбæл нимайæн, Хъойбайти Къола æма уой хузæн адæймæгути, нæ адæмæн берæ хуæрзтæ аразгæй ка фескъуæлхтæй, уони рохс нæмттæ цитгинæй æносон кæнун. Гъе уомæ гæсгæ, Ленинон фæскомцæдеси сæдæ анзей кадæн æрмæгутæ мухур кæнун идайæн Хъойбайти Тотайи фурт Къолай туххæй дзубандийæй.

Аци æрмæг цæттæ кæнгæй испайда кодтан æ рæстæги Хъойбайти Къолай туххæй Цæгат Иристони революцион æзмæлди архайæг Æбати Шамил, уæдта зундгонд ахургæнæг æма публицист Таусити Фацбай кæддæр ци уацтæ ниффинстонцæ, уонæй.

### ХУАРЗ БÆЛАСÆ АЙДАГЪДÆР ХУАРЗ ТАЛАЙÆЙ ИРÆЗУЙ...

... Дигоргом. Мæнæ Сау хонхи дæлвæзи, Галаузи дони билæбæл æрæнцадæй Уæхъæци гъæу. Ами цардæй Хъойбайти муггаг. Сæ хестæр Гуйман хъæбæр базæронд æй. Изæрæй бийнонтæ ку æрæмбурд уиуонцæ, уæд син Гуйман дзоридæ æ уæззау царди хабæрттæ. Æ уæле лигъз хæдонæ некæд искодта, æ зæрдæ ци агурдта, уæхæн хуæруйнаг некæд бахуардта. Кæд кафагæ æма зарагæ лæхъуæн адтæй, уæддæр æй е ’мгæртти æмрæнгъæ ралæуунмæ некæд райевдалдæй.

Гуйман кустгъон нæбал адтæй. Хæдзари берæ бийнонти гъуддæгутæ фæстагмæ æнхæст кæнун райдæдта æ фурт Тотай. Зундгин æма ’й раст лæгæй зудтонцæ адæм.

Гъæуи цæргутæй беретæ хицæ кодтонцæ Хъойбайти хуæрзæгъдау, фæллойнæуарзагæ æма æнгом бийнонтæмæ. Уони æхсæн, е ’гъдау æма циргъзундæй хецæн кодта Тотайи фурт Нæуæг (фæстагмæ ’й гъæубæсти медæгæ хонун райдæдтонцæ Къола). Райгурдæй 1908 анзи. Хуарз æй ка зудта, етæ куд имистонцæ, уотемæй сабийæй уæзбунгомау арæзтитæ адтæй. Фал ибæл æнзтæ куд цæугæ цудæнцæ, уотæ æййивтонцæ æ уодигъæдæ, æ меддуйне. Минкъий биццеуæй райдæдта æ фидæн хæдзари кустити агъаз кæнун, сауæнгæ ма гъæдæй æ рагъбæл сог дæр æрхæссидæ, цудæй фиййауæй дæр. Ка ’й зонуй, куд æма ци хузи рауадайуонцæ еци тухст уавæрти æ идарддæри карни хабæрттæ, фал уæдмæ Уæрæсей фæуууæлахез æй Октябри революци, æ рохс тунтæ бахъæрттæнцæ Дигори арф кæмттæмæ дæр æма æригон биццеуи искурдиадæ талатæ рауагъта.

Раст еци рæстæгути Къолайæн, куд фæззæгъунцæ, æ гъолæ исхаудтæй – ахур кæнун райдæдта Мæхчески райдайæн скъолай. Æ ахургæнæг адтæй зундгонд финсæг Малити Геуæрги. Хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ биццеу хуæрзбон загъта скъолайæн. Бæргæ æй фæндадтæй идарддæр ахур кæнун, фал ин сæ бийнонти цардиуаги зин уавæртæ нæуæгæй æ къохмæ райсун кодтонцæ фонсгæси лæдзæг.

Уæддæр идарддæр ахур кæнуни бæлдæ ба æ зæрдæй нæ хецæн кодта. Æма ин, адтæй нæ адтæй, уæддæр исæнхæст æй – 1926 анзи ’й райстонцæ Цæгат Иристони педагогон техникуммæ студентæй. Еци разæнгардæй бавналдта æ ахури гъуддагмæ, ци гæнæн æма амал адтæй, уомæй архайдта фулдæр зонундзийнæдтæ райсунбæл.

Æ студентон рæстæги Къола е ’новуддзийнадæ айдагъ ахури не ’вдиста, фал æхсæнадон архайди дæр адтæй раззагдæрти хæццæ. Уогæ æхсæнадон куст кæнун райдæдта Къола, сæхе гъæуон скъолай ма ку ахур кодта, уæд. Ами, мæнæ ’й минкъий раздæр дæр ку загътон, е архайдта хуæнхаг фæскомцæдесон къуæрттæ исаразун æма ниффедар кæнуни гъуддаги. Техникуми ахур кæнгæй ба никки ирддæрæй уайтæккæ рабæрæг æнцæ æ организаторон арæхстдзийнæдтæ æма ’й уоми фæскомцæдеси организаци æхецæн равзурста секретарæй. Еци-еу рæстæг зæрдиагæй архайдта æнæгъæнæ облæсти фæскомцæдесон организаций кусти дæр. Зæгъæн, куд Еугурцæдесон коммунистон (большевикти) партий æма фæскомцæдеси обкомти бæрнонгин, уотæ Къола хуарæфснайæнти рæстæг æрзилдæй Иристони еугур гъæутæбæл дæр, уоми фæллойнæгæнгути разæнгард кодта хуар цæттæ кæнунмæ æма тиллæг паддзахади хуардæнттæмæ ’рветунмæ, гъæути медæгæ колхозтæ аразунмæ.

Хъойбай-фуртæн куд фулдæр кодта æ фæлтæрддзийнадæ, уотæ ин ихæсгонд цудæй берæ аллихузон, еу иннемæй вазуггиндæр куститæ. Зæгъæн, 1930 анзи апърели инисангонд æрцудæй облæсти фæскомцæдеси газет «Æригон большевик»-и редакторæй. Æбати Шамил æ имисуйнæгти уотæ финсуй: «Газети редакций адтæнцæ, журналисти куст уæди уæнгæ ка нæма зудта, уæхæн æригон лæхъуæнтæ: Хъайтухъти Михал, шахтер Цæгæрати Андрей, гъæдгæройнаг биццеу Хутъинати Циппу (фæстагмæ иссæй Иристони зингæ поэттæй еу), æз дæр уæд сæ хæццæ адтæн. Кæд газети кусти æвæлтæрд адтæнцæ, уæддæр редакций косгутæ, Къола сæ сæргъи, уотемæй сæхебæл нæ аурстонцæ, рæстуодæй архайдтонцæ, цæмæй газет партион организацийæн агъаз кодтайдæ колхозтæ ниффедар кæнунæн, зæронд æгъдæуттæ æма фæткитæн сæ зианхæссæг байзайæггæгтæ адæми цардиуагæ æма зундирахастæй фесафунбæл, культурон революци идарддæр царди уадзунбæл тохи æма æндæр гъуддæгути.

Хъойбай-фурт устур зæрдиагæй архайдта фæсевæди журналистон дæсниадæбæл ахур кæнунбæл. Æма ескæмæ арæхстдзийнæдтæ ку æрæстæфидæ, уæд цийнæ кодта сувæллони хузæн, алкæддæр ин агъаз кодта æ идарддæри ампъезти. Къола æ алливарс æмбурд кодта арæхстгин æригон уацхæсгути æма сæ аразта раст надбæл. Иристони зундгонд финсгутæй е æ дзамани берети исразæнгард кодта финсæги зин надбæл æрлæуунмæ.

1930 анзи кæрони фæскомцæдеси VI облæстон конференций Хъойбайти Къола æвзурст æрцудæй фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй. Аци кусти уæлдай хъæбæрдæр рабæрæг æй е ’стур искурдиадæ. Алкæддæр е адтæй фæсевæди, адæми ’хсæн. Къола, куд фæскомцæдесон раздзæуæг, уотæ хуарз зудта, фæсевæдæн циуавæр фарстатæ ’нцæ ахсгиаг æма син агъаз кодта уони хуæздæр хузи райаразунмæ. Æма ’й етæ дæр берæ уарзтонцæ, Иристони аллирауæнти дæр ибæл цийнæгæнгæй исæмбæлиуонцæ.

### ÆРГОМ ДЗУРД ЗÆРДÆ ХУÆЗДÆР ЛÆДÆРУЙ...

Фæсевæди зæрдити ци берæ аллихузон фарстатæ игурдæнцæ, уонæмæ Хъойбай-фурт хъæбæр лæмбунæг æркæсидæ, куд гæнæн æма амал уидæ, уотæ сæ лух дæр кодта – уой дæр фæскомцæдеси обкоми азгъунсти нæ, фал заводти æма шахтти, фабрикти æма колхозти, скъолати фæсевæдæн сæхе хæццæ æмбæлгæй æма зæрдæй-зæрдæмæ дзубанди кæнгæй.

– Иронх кæнун нæ гъæуй уой, – ахид дзурдта Къола, – нæ фæсевæд сæ еугур нерæнгæ ке нæма лæдæрунцæ, ци доги син цæргæ рауадæй, уомæн æ хецæндзийнадæ цæйбæрцæбæл устур æй, уæдта раздæриккон рæстæгутæй уæлдай си ци æййивддзийнæдтæ цæуй æма ма идарддæр дæр цæудзæнæй, уони агъазиаудзийнадæ, уомæн æма си беретæ нæ зонунцæ, революций размæ ци зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ мæгур адæм, уой. Æнахъæл гъæртæй, командæ кæнунæй федарзунд æма еузæрдиуон адæймæгутæ гъомбæлгæнæн нæййес.

Æма уæхæн гъомбæладон куст æригæнтти ’хсæн кæнунмæ Къолайæн æхе хузæн, æвæдзи, беретæ нæ арæхстæнцæ. Уотид минкъий гæнæн æма фадуат кæми уидæ, уоми ’й кодта зæрдæмæгъаргæ хузи. Æбати Шамил æ имисуйнæгти финсуй: «Мæ зæрдæбæл лæууй уæхæн цау. Къола адтæй Садони æрзæткъахæнти æма ’й бафæндадтæй, æрзæткъахгутæн Цъæййи сæ фæллад уадзунæн уавæртæ куд æнцæ, уой базонун. Цъæййи санаторий е æнæнгъæлти баййафта зингæ революционер Арсæгти Горгай, граждайнаг тугъди æскъуæлхт бæгъатæр Дзæрæхохти Хадзимурати, ССР Цæдеси æнхæсткоми иуонг Калоти Заурбеги æма ма берæ æндæр зундгонд адæймæгути. Зæрдтаг дзубанди син райеудагъ æй берæ аллихузон хабæртти фæдбæл.

**Еу æма цуппаринсæй анзей размæ (1941 анзи 5 декабри) Советон æфсæдтæ райдæдтонцæ размæпурст немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгти нихмæ.**

*Цъебойти Барис дæр фæтæгмæ барвиста æ финстæг: «Махмæ ба, Киристонгъæуи,скъола кæлæдздзаг æй...» Ленин æй бакастæй æма загъта: «Кæлæдздзаг æй? Барæвдзæ 'й кæнетæ!..» Ленини еци загъд фæскомцæдеси берæ фæлтæртæ сæ зæрдæбæл дардтонцæ æма райаразуйнаг гъуддæгутæй гæнæн кæмæн адтæй, уони æнхæст кодтонцæ сæхе хъауритæй.*



Сæ рази ка фæцæй еци рæстæг, етæ сæмæ хъæбæр лæмбунæгæй игъустонцæ. Сæ дзубанди цæйбæрцæбæл ахсгиаг æма дессаг адтæй, уомæн ба 'й æвдесæн е дæр, æма уæлдайдæр фæсевæди гъуддæгути тухххæй ку райдæдтонцæ дзорун, уæд уоми æригон фæлладуадзгутæй ка адтæй, етæ, æгъдаумæ гæсгæ уæд куд уидæ, уотæ хестæртæй барæ ракурдтонцæ, цæмæй сæ гъудитæ зæгъонцæ... Æма, бауумæндетæ, гъе уотæ æнай-æнойти си рауадæй дууæ фæлтæрей съезди хузæн дзубанди. Хестæртæ боз адтæнцæ фæскомцæдесонтæй, рæстзæрдæй сæ растудтонцæ се 'нтæстдзийнæдти туххæй, уой хæццæ ба ма син равардтонцæ къуар пайдайаг фæдзæхсти, уæдта еумæ сæ къарæ исистонцæ...»

Уæдмæ Къолай кой, куд фæсевæди искурдиадæгин разамонæг, уотæ райгъустæй айдагъ æнæгъæнæ Иристони нæ, фал уомæй берæ идарддæрти. Коммунистон (большевикти) партий Цæгат Кавкази крайком 1931 анзи дуккаг æмбеси Хъойбай-фурти иснисан кодта Цæгат Кавкази фæсевæдон газет «Большевистская смена»-йи редакторæй. Уомæй минкъий фæстæдæр ба æвзурст æрцудæй Ленинон фæскомцæдеси Цæгат Кавкази крайкоми секретарæй. Аци бунати уогæй, устур куст кодта Цæгат Кавкази берæнацион уавæрти ленинон национ политикæ царди уадзунбæл, æ гъос дардта фæсевæди коммунистон уагæбæл гъомбæл кæнунмæ. Аци, уæдта Кавкази фæсевæди змæлди æндæр ахсгиаг фарстати тухххæй ахид финста уацтæ Компартий Цæгат Кавкази крайкоми теоретикон журнал «Революция и горец»-и. Уоми, зæгъæн, æ рæстæги ниммухур кодта уац «Цæгат Кавкази национ облæсти фæскомцæдес дуккаг фондзанзони къæсæрбæл». Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бабæй ин еци журнали фæззиндтæй æ иннæ уац «Хуæнхон фæскомцæдес социализмбæл тохи». Уонæми фæсевæдæн партий политикæ æма нисантæ лæдæрун кæнгæй, разæнгард сæ кодта уони æнхæст кæнуни гъуддаги хъазауатонæй архайунмæ, цæмæй тундзонцæ нæуæг цардаразгути раззагдæр рæнгъити унмæ, æвдесонцæ пайдахæссæг хъæппæрес æма еузæрдиуондзийнадæ еугурадæмон гъуддæгути.

Еци рæстæг Цæгат Кавкази фæскомцæдесон организаци æмцегадæ кодта Сау денгизи флотбæл. Крайкоми секретари сæйраг кой адтæй фæсевæди 'хсæн тугъдон куст рапарахат кæнун. Крейсер «Сурх Кавказ»-и донмæ ку уагътонцæ, уæд уордæмæ рандæй крайи фæскомцæдеси делигаци, æ сæргъи адтæй Хъойбай-фурт, утемæй. Денгизонтæ сæбæл хъæбæр æхцæуæнæй исæмбалдæнцæ, мадта Къолабæл ба искодтонцæ сæхе денгизон уæледарæс, æма, утемæй архайдта бæрæгбони фæдбæл арæзт мадзæлтти.

Нæуæг цардарæзти гъуддæгутæ куд рæстмæдæр кодтонцæ, куд æнтæстгиндæрæй цудæнцæ æма си фæллойнæгæнæг дзиллитæ куд фулдæрæй еузæрдиуонæй архайдтонцæ, уотæ е 'знæгтæ ба мæстгунæй-мæстгундæр кодтонцæ, сæ фудмиутæ нæ уагътонцæ. Уомæ гæсгæ 1932 анзи Кубани кулактæ исарæзтонцæ контрреволюцион саботаж. Коммунистон (большевикти) партий Центрон Комитет уордæмæ бæрнонгинæй рарвиста Еугурцæдесон фæскомцæдеси Центрон Комитети уæди фиццаг секретарь А.В.Косареви. Æ хæццæ уордæмæ æрвист æрцудæй Хъойбай-фурт дæр, æма етæ дууемæй сæ æмархайгути хæццæ æртæ мæйей дæргъи, æхсæвæ-бон не 'взаргæй, зилдæнцæ Кубани станицитæбæл, æмбалдæнцæ фæллойнæгæнæг хъазахъæгти хæццæ, лæдæрун син кодтонцæ уавæри æцæгдзийнадæ, дзиллити æзмæнтгутæн æцæгæй сæ нисан ци æй, уой. Уой хæццæ ба æнгом кодтонцæ уордигон фæскомцæдеси рæнгъитæ, фæсевæди хъауритæ аразтонцæ саботаж искунæг кæнунмæ.

### АЛЛИ КУСТИ ДÆР АДТÆЙ ХЪÆППÆРЕСГУН ÆМА ÆНТÆСТГИН

Алкæддæр адæми хæццæ, алцидæр адæми сæрбæлтау – гъе уæхæн адтæй Къолай царди бундорондæр нисан. Фæскомцæдеси разамонæг косгути разæнгард кодта фулдæр адæми 'хсæн унмæ, сæ хæццæ ахиддæр æмбæлунмæ, сæ царди хабæрттæ син хе цæститæй уинун, сæ сагъæссаг фарстати фæдбæл син сæ зæгъуйнæгтæ хе гъостæй игъосун, кæстæр фæлтæртæй нæуæг цардарæзтбæл æновудæй тохгæнгутæ гъомбæл кæнунмæ æма син сæ удигъæдæ идейон æгъдауæй æхседунмæ.

Фæскомцæдеси Центрон Комитет 1933 анзи Хъойбайти Къолай исæвзурста Фæсевæди Коммунистон Интернационали (ФКИ) уруссаг секций иуонгæй, исæвардта 'й ФКИ-й хорискæсæн хайади сæргълæууæгæй – æма утемæй иссæй фæсевæди дуйнеуон коммунистон змæлди разамонæг къуари иуонг.

Уомæй минкъий фæстæдæр Коммунистон (большевикти) партий Пленуми унаффæмæ гæсгæ колхозтæ организацион-хæдзарадон æгъдауæй исфедар кæнуни тухххæй машинон-тракторон станцити (уæдиккон гъæууонхæдзарадон къабази адтæй уæхæн еугæндтæ, кæцитæн сæ ихæс адтæй колхозтæ æма совхозтæн техникон æгъдауæй агъаз кæнун) политикон хайæдтæ аразун байдæдтонцæ. Уордæмæ парти æрвиста тæккæ хуæздæр, зæрдæдаргæдæр æма хъæппæресгундæр коммунистти. Æма 1933 анзи Хъойбай-фурт нисангонд æрцудæй Хъирими автономон республики зæнхикусти Адæмон комиссариати политикон сектори хецауи хуæдæййевæгæй. Æ кусти устур æргом æздахта фæскомцæдесонти хæццæ æмгустадæмæ.

Æма ин уой фæрци æнтæстæй берæ аллихузон зингæ мадзæлттæ аразун, кæцитæ хъæбæр фæппайда 'нцæ ардигон гъæууон хæдзаради куст æнтæстгиндæрæй цæунæн. Машинон-тракторон станцити политхайæдтæ ихæлд ку æрцудæнцæ, уæд фæскомцæдесон кусти тæккæ арæхстгиндæрти парти рарвиста партион кустмæ. Къола уоми, Хъирими, иссæй Коммунистон (большевикти) партий Алайски райкоми секретарь. Фæскомцæдеси райкоми секретарæй ба си уæд куста Реуазти Симони фурт Геуæрги, фæстæдæр иссæй Цæгат Иристони профессионалон-техникон ахуради Управлений хецау. Геуæрги куд имиста, утемæй Хъойбай-фуртæн ами дæр федар рахастдзийнæдтæ адтæй райони фæскомцæдесон организаций хæццæ, ахид дзубанди кæнидæ фæсевæди хæццæ, разæнгард сæ кодта хъæппæресгун æма æнтæстгин кустмæ.

Хъойбайти Къола аци райони косун ку райдæдта, уæд ами адæмон хæдзарадæ фæстезад адтæй. Уомæ гæсгæ ба нæуæг партион разамонæги багъудæй устур хъаурæ æма нифс бавдесун, цæмæй еци уавæр фæрраевдзæдæр адтайдæ, уомæ. Æма ин бантæстæй – цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте Алайски район иссæй Хъирими АССР-и раззагдæр районтæй еу.

Фæстæдæр, 1936 анзи райдайæни, Хъойбайти Къолайæн косгæ рауадæй Хъирими промышленнон центр сахар Керчи, ами 'й исæвзурстонцæ партий райкоми секретарæй. Æма уоми дæр фæккуста хъæбæр æнтæстгинæй.

Хъæбæр нифсхаст æма хъаурæгин, хуæдæфсармæ æма хумæтæг, æнæхийнæ, удæй дæр æма цæсгонæй дæр кæдзос – уæхæн адтæй Хъойбайти Къола. Æма ма цæйбæрцæбæл агъазиау фарнæхæссæг гъуддæгутæ исаразун ин бантæстайдæ, цæйбæрцæбæл устур хуæрзти ма бацудайдæ æ уарзон дзиллæн, нæ Фидибæстæн!.. Фал ин нæ бантæстæй – бустæги æригонæй æ цард фескъудæй 1938 анзи... Æ æдзæстуарзонти æверхъау хахурти фудæй фесавдæй нæ адæми лæгдæрти-лæгдæртæй еу.

Владимир Ильич Ленин «Не 'змæлди ахсгиаг ихæстæ», зæгъгæ, уаци уотæ финста: «Бацæттæ кæнун гъæуй уæхæн адæймæгутæ, кæцитæ революцийæн рауæлдай кæндзæнæнцæ айдагъ евдæлон изæртæ нæ, фал сæ цард æнæгъæнæй дæр!..»

Федарæй зæгъæн ес: уæхæн адæймаг адтæй Хъойбайти Тотайи фурт Къола. Е æ уарзон адæми амонди сæрбæлтау архайдæн æнæгъæнæй дæр исниводн кодта æ цард æма æ еци равзурст надбæл, æ карнæмæ гæсгæ ин цæйбæрцæ рæстæг лæвæрд адтæй, уойбæрцæ 'й кæрæй-кæронмæ æдзæстхезæй рацудæй, берæ федауцæ хабæрттæй æй исфæлгонц кодта.

### РÆСТУОДÆЙ СИН ГЪÆУАМА ÆНОСОН КÆНÆН СÆ РОХС НÆМТТÆ

Нæ номдзуд адæймæгутæй не 'хсæн ка нæбал фæууй, уони тухххæй дзоргæй фулдæр хæттити уотæ фæззæгъунцæ, гъома, сæ рохс нæмттæ иронх нæ уодзæнæнцæ нæ дзиллæй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ сæ имисдзæнæнцæ, кадæ син кæндзæнæнцæ. Мæнмæ гæсгæ, е æгæр æндиуд загъд æй – æркæсайтæ, æма уотæ имисуйнаг адæймæгутæн сæ фулдæрей абоникон фæлтæртæй уотид зонгæ дæр, ефстæгтæй уæлдай, некебал кæнуй.

Хъойбайти Къолай тухххæй финст уацтæй дæр – сæ фулдæр мухургонд æрцудæнцæ советон доги – сæ кæронбæттæни уотæ загъд уидæ, уомæн æ ном æностæмæ иронх нæ уодзæнæй. Абони 'й уинæн, гъулæггагæн, уотæ ке нæ рауадæй, уой. Хуарз æма ма ин советон доги (1968 анзи августи), уæддæр æ ном равардтонцæ Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуемæн. Е хуарз æй, фал еци гъæунги цæргутæй, цума, ескетæ зонунцæ, сæ гъæунгæ ке ном хæссуй, уой æма æ царди хабæрттæй еститæ. Магъа-магъа...

Æрхæстæг кæнуй Ленинон фæскомцæдеси сæдæ анзей юбилей. Уой фæдбæл, æвæдзи, ести цитгингæнæг мадзæлттæ дæр арæзт æрцæуодзæнæй. Æма хуарз уидæ, уони «æрттивдтити» ауони иронхуати ку нæ райзайиуонцæ, Цæгат Иристони фæскомцæдес ке фæрци исæнтæстæй æма гъомусгин кодта, уони рохс нæмттæ...Еци гъуддаг исаразун зин нæй, фал æ хуарздзийнадæ ба уодзæнæй хъæбæр агъазиау æма ахедгæ. Æма æ исаразунмæ гъæуама ма зийнадæ кæнæн, уомæн æма, æ устур арфити аккаг, æ фарнæхæссæг адæймæгути ка нæ имисуй æма син кадæ ка нæ кæнуй, еци адæмæн æ цардвæндаг мæгурæймæгурдæр кæнуй...

***Аци æрмæг мухургонд æрцудæй газет «Дигорæ»-йи 2018 анзи 27 июли.***



ХЪОЙБАЙТИ Къола (фиццаг рæнгъи рахесæрдигæй фиццаг) фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми иуонгти хæццæ. 1930 анз.

**Цагъардзийнадæ искунæг кæнуни фæдбæл Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 2 декабри.**

***БАЛИКЪОТИ Тотраз: «Æз мæхуæдæг, уæдта ма берæ разиндзæнæй, мæн хузæн арази ка ’й, цæмæй нæ Фидибæстæн уа тæккæ сæйрагдæр, еугур адæмти дæр еугæнæг бæрæгбон. Баруагæс уи уæд, адæм уарзуни гъардзийнадæ ци бæрæгбони нæ уа, уомæн ба æ цæрæнбон берæ нæ хæссуй... Æма цæмæй уотæ ма рауайа,***


БАЛИКЪОТИ Тотраз (раззаг рæнгъи галеуæрдигæй æртиккаг).


БАЛИКЪОТИ Тотраз Ирæфи районни газет «Ленинец»-и редакций коллективи хæццæ (раззаг рæнгъи галеуæрдигæй фиццаг).

# АДÆМИ ЕУДЗИЙНАДÆЙ КЪÆДЗÆХ ДÆР МА КУ НИРРЕЗУЙ!..

**БАЛИКЪОТИ Тотраз**

Адæми еудзийнадæ ци æй, уой куд нæ лæдæрун, зæгъгæ, ка нæ зæгъдзæнæй, уæхæн адæймаг, æвæдзи, нæ разиндзæнæй. Уотемæй ба, ци æй, уобæл дзубандити ба хаттæй-хатт æгæр идæрдтæбæл рахуæцæн, æгæр райеуверстæ уæн æцæгдзийнадæй. Куддæр ни районх уй, адæмти ’хсæн еудзийнадæ фиццагидæр ке исæвзуруй хецæн адæймæгути æнсувæрдзийнадæй, сæ медастæу лæдæрундзийнадæй, багъæуаги кæрæдземæн нифсдæттæг æма агъазгæнæг унæй.

Уой фæдбæл нин нæ рагфидтæлтæй берæ зундгин зæгъдтитæ дæр байзадæй. Уонæй еуцалдæрей æримисдзæнæн – мæ абони дзубандий дæлсæргæндти хузи.

### «ЛÆГ ЛÆГИ КУ БАГЪÆУА, УÆД ИМÆ АВД ÆФЦÆГЕЙ СÆРТИ ДÆР ФÆЗЗИНДЗÆНÆЙ!..»

Дæнцæн æрхæсдзæнæн еу æцæг хабар, кæций бакастæн нæ зундгонд финсæг æма публицист Даурати Дамири уадзимистæй еуеми.

Кæддæр кедæр кувди мæ фарсмæ еу æнæзонгæ дзæбæх зæронд лæг бадт фæцæй, æма, фингæбæл ци берæ бæркæдтæ адтæй, уони фæууингæй æримиста æ кæддæри мæгур сабийдогæ. Æ фиди мади туххæй мин мæнæ уæхæн цау радзурдта:

*– 1933 анзи, дан, Уæрæсейæй ардæмæ ци стонг адæм ралигъдæй, уонæй еуетæ бахъæрттæнцæ сауæнгæ уартæ Зинцъармæ дæр. Еу бон нин нæ дуар æрбахуастонцæ: мадæ æма æ дууæ борсæр минкъий биццеуи. Зæронд уосæн, дан, нæмæ ци исбæзза, уæхæн рæсугъд фæсарæйнаг хъурбæттæн ес, æма ’й хуаллагбæл æййевæн. Мæ нана сæ медæмæ æрбахудта, сæ рази син уайтæккæ, ке райста пецæй, еци тæвдæ кæрдзин райвардта, гъосини син уæрмæй уазал æхсир исхаста. Ду ку фæууидтайсæ, етæ куд зудæхуæрд кодтонцæ, уой.*

*Уæдмæ иннæ кæрдзин дæр артбæл байвардта, иуазгутæмæ бакастæй æма син сæ цæстингасæй балæдæрдтæй, ке нæма бафсастæнцæ, уой, æма син æй сæ рази æрсаста. Фæллæбурдтонцæ бабæй имæ. Æртиккаг кæрдзин ба син уорс хъумаци батухта, уотæ син зæгъуй, кæрдзин, дан, хъæбæр хуаллаг æй æма, дан, уин нур фагæ ’й, кенæ ба уæ ревæд ахсæнтæ ести кæндзæнæнцæ.*

*Етæ исистадæнцæ, сæ мадæ мæ нанай æ хъури ракодта, æ цæстисугтæ æ ростæбæл æруадæнцæ, уотемæй æ дессаги рæсугъд дзаумау стъолбæл æрæвардта. Нана ин æй фæстæмæ æ къохти фæссагъта:*

*– Махмæ хуæруйнаг дзаумæуттæбæл нæ феййевунцæ...*

*Уобæл æнзтæ рацудæй. Тугъди фæсте нин еу фæсарæфти кадæр нæ колдуарбæл æрбахуæстæй, æз имæ ракастæн. Бæрзонд борхелæ биццеу, лейтенанти дарæси, æ реубæл цалдæр хуæрзеуæги. Æз, дан, еу хатт тæвдæ кæрдзин æма уазал æхсирæй ке фæххинцтайтæ, еци уруссаг биццеутæй еу дæн. Мæ нанай мин æ хъури æрбакодта, уæдта æ къохи ци тухт адтæй, уой райхалдта, рæсугъд гъолæнттæ сæрбæттæн си исиста, сауæнгæ Берлинæй, дан, æй исластон, æхуæдæг ин æй æ сæрбæл æркодта. Гъæуама, дан, дæмæ мæ фазон æнсувæри хæццæ иссудайанæ, фал уомæн Эльби билгæрон мæхе къохтæй цирт искъахтон...*

*Нур ба мæ нанай цæстисугтæ æруадæнцæ...*

РЕДАКЦИЙÆЙ: Аци хабармæ гæсгæ уой зæгъун гъæуй, æма нæ Фидибæстæн æ зиндæр æма тухстдæр рæстæгути адæм алæмæти зæрдхæлардзийнадæ бавдесунцæ, кæрæдзебæл æновуддæр исунцæ, ке бон куд фæууй, уотæ кæрæдзей барæвдаунцæ.

Уотæ ’й абони дæр, Донбасси ци æверхъау цаутæ цæуй, уой фудæй адæм уордигæй ку фæлледзæги ’нцæ, уæд. Уонæй беретæ ’рбафтудæнцæ Цæгат Иристонмæ дæр. Æма си исиуазæг кодтан 526 адæймаги (уонæй 70 æнцæ сувæллæнттæ). Рæдау фусунтæ син иссан – лæмбунæг цæстдард сæмæ ес, гъæугæ хузи æнхæстгонд цæунцæ сæ царди уавæрти фарстатæ; фист син цæунцæ пенситæ æма æндæр феддонтæ, агъази хузи син лæвæрд æрцудæй 5,9 миллион соми.

Баруагæс уи уæд, хумæтæг адæймæгути ’хсæн ауæхæн цæстдардæй райрæзуй еу адæми ’хсæн дæр æма хецæн адæмти ’хсæн дæр æнсувæрон рахастдзийнæдтæ. Æма уæхæн зæрдихаттæй æнхæст ка уа, уонæн ба – цийфæнди адæмихаттæй кенæ кæцифæнди динбæлхуæст ку уонцæ, уæддæр сæ цардиуагæ аразун æнтæстгиндæрæй сæ бон уодзæнæй.

Хумæтæги нæ фæззæгъунцæ, адæм сæ зундирахастæй æмгъудигæнæг ку уонцæ, æмвæндæй, кæрæдзей лæдæргæй æма рæстуодæй ку цæронцæ, уæд еци адæми хъаурæ некæд неке басæтдзæнæй... Нæ бæсти нур цуппæрдæсæймаг хатт бæрæг кæндзинан адæмон еудзийнади Бон. Еци бæрæгбон кæд паддзахадонбæл нимад æй, уæдта еци бон уолæфгæ бон кæд искодтонцæ, уæддæр æй адæм еугурæй сæ зæрдæмæ уоййасæбæл хæстæг нæма райстонцæ, сæ цæстиварди нæма иссæй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, алли нæуæгдзийнадæ уайсахат не ’рбауарзон уй еугур дзиллæн. Æма, ка ’й зонуй, рацæудзæнæй ма еуцæйбæрцæдæр рæстæг, цæмæй нин аци бæрæгбон дæр æмхузон цийнаг исуа.

Ауæхæн бæрæгбон дæр нæмæ цæмæй уа, уой нихмæ нæ ан, уæдта æ нихмæ ка дзора, етæ дæр бустæги раст нæ уодзæнæнцæ. Æцæг æй искæнун гъæуй, цæмæй е исуа æцæгæй адæмон еудзийнадæ æвдесæг – уомæн ба гъæуй, цæмæй нæ бæсти абони цардарæзти æцæгæйдæр исфедар уа адæмон еудзийнадæ, социалон æмбарæдзийнадæ, адæймагæн нæмæ куд уа аккаг равгитæ æма гæнæнтæ, æхе цардиуагæ дæр æма æ цæуæти нивæ дæр федауцæй аразунæн.

### «НАДБÆЛ РАНÆХСТÆРÆЙ ДЕ ’РГОМ КÆЦИРДÆМÆ ИСАРАЗАЙ, ЕЦИРДÆМÆ БАХЪÆРТДЗÆНÆ!..»

Уавæр уотæ ’й, æма нæ паддзахадæн нæ еугурдæр æмхузон хъазар ан æма нæбæл æмхузон уарзтæй ауодуй, зæгъгæ, уой дзиллæ бæлвурдæй ку балæдæронцæ, уæд, бауæндетæ, етæ зингæ разæнгарддæрæй архайдзæнæнцæ нæ Фидибæсти гъомусади сæрбæлтау, нæ си уодзæнæй дехтæ-хецæнтæ социалон къуæрттæ-къуæрттæбæл. Багъæуаги ба, Минин æма Пожарскийи фарсмæ куд æрбамбурд æнцæ хумæтæг зæнхкосæг æма гъæздуг къниаз дæр. Райгурæн зæнхæ æндæрзæнхон знæгтæй багъæуай кæнуни фæндæй, уотæ æмцæдесон исуодзæнæй нæ берæнацион дзиллæ æма син берæ гъæугæ гъуддæгутæ исаразун бантæсдзæнæй.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма нæ Фидибæсти евгъуд рæстæгути цаутæ æма хабæрттæмæ дæр цæстуарзондæрæй кæсун гъæуй. Гъо, кæд си цидæртæ советон доги еуцæйбæрцæдæр зулунтæ кодтонцæ, уæд абони «историктæ» ба сæ бустæги исусхъуммитæ кодтонцæ.

Евгъуд дзаманти цаутæ æма хабæртти, уæди рæстæгути разамонгути архайди туххæй æцæгдзийнадæ кæдзосæй зонун гъæуй, уомæн æма уæд нæ абони гъуддæгутæ дæр хуæздæр араздзинан, уæдта нæ исонибон дæр бæрæгдæрæй уиндзинан. Абони нæ хъæбæр федарæй æууæндун кæнунцæ, гъома, Минин æма Пожарский адæми ку базмæлун кодтонцæ, уæд, дан, цард иннердæмæ низзилдæй – хуæздæрæрдæмæ. Фæййервазтæнцæ фæллойнæгæнгутæ æрбацæуæг хецæутти цагъайраг къæлæтæй. Фал æй мах ба историй æвдесæнтæй ку зонæн, адæм куд æнæбарæ адтæнцæ, куд æлгъистаг цардæй цардæнцæ, еци уавæри байзадæнцæ. Мæнæ нæхуæдтæ абони куд ан, уотæ – демократи аразæн, зæгъгæ, нæ истæлтæг æй кодтонцæ, æма дзæгъæлдзорæй æнæгъæнæ бæстæ ка исусхъуммæ кодта, етæ æцæгæлон знæгтæй фуддæр-фуддæртæ бакодтонцæ æнæгъæнæ бæстæн, фæггириз ибæл кодтонцæ, ниххæлæттаг æй кодтонцæ... Æма еци æдзæсгæнттæ ба нæ абони цидæр еудзийнадæмæ хонунцæ. Ке хæццæ? Урути хæццæ фæллойнæгæнæг æмдзæхдон некæд адтæй.

Никкидæр ба ма зæгъдзинан – æцæг, кæдзос еудзийнадæн басæттæн ке нæййес. Уомæн берæ æвдесæнтæ ес нæ Райгурæн бæсти цардæй. Сæ устурдæр æвдесæн – Устур Фидибæстон тугъд. Уæд советон адæмти минæвæрттæ æмзунд-æмхъаурæй дуйней тæккæ тухгиндæр знаги ниддæрæн кодтонцæ æма Уæлахез æрхастонцæ айдагъ нæ Райгурæн бæстæн нæ, фал ма фашистон цагъардзийнадæй фæййервæзун кодтонцæ Европи еугур паддзахæдтæ дæр, зæгъун æнгъезуй æнæгъæнæ дуйне дæр.

**Номдзуд æфсæддон архайæг М.Д. Скоблеви адъютант, инæлар-лейтенант Абацити Константини фурт Дзамболати райгурдбæл 3 декабри æнхæст кæнуй фондз æма астинсæй анзи (1857-1939).**

***уой туххæй ба бæрæгбон адæмæн гъæуама æхцæуæн, уотид æ номæй ма уа, фал син амонд æма фарнæй ци хæсса, уомæй. Уотæ ку уа, уæд исуодзæнæй еугурадæмон, дзиллитæн æнæгъæнæй дæр уодзæнæй уарзон æма зæрдтаг, кæсдзинан имæ æма ’й нимайдзинан...»***

Гъулæггагæн, еци хъилмайæн æ уедæгтæ æхсæнадон æрдзи медæгæ римæхсæнти байзадæнцæ æнæкунæггондæй æма абони талатæ исуагътонцæ, зæгъæн, Украини... Е уоййасæбæл тæссаг æй, æма ибæл хецæнæй бæлвурддæрæй дзорун гъæуй.

Уæрæсей туххæй ку дзорæн, уæд си абони цитæ цæуй, уонæмæ гæсгæ ба адæймаг куд нæ расагъæс кæнуй: еци цифуддæр знаги уингæ знаггадæ бæргæ искунæг кодтан, фал уомæн уæд бантæстæй нæ бæсти бауæри цидæр уæхæн уедæгтæ ниууадзун, кæцитæ нæ абони гъезæмарæ кæнунцæ, тарнезау нæ медæгæй хуæрунцæ, нæхецæн уæддæр ести хуарздзийнадæ исаразуни фæндитæ нин, мæнæ æдонуг адæймагæн дони къос æ къохтæй куд ракъуæрай, уотæ фæццидæр кæнунцæ.

Уæдта уæмæ уотæ нæ кæсуй, æма нæбæл абони ци бæлæхтæ цæунцæ, етæ дæр барæй арæзт цæунцæ. Ка сæ аразуй, етæ азуймаг фæуунтæ, фал цума етæ сæйраг фудгинтæ нæ ’нцæ – фудгинтæ бæрзонддæрти бадунцæ, бавналæн сæмæ нæййес, æма сæ кæнон кæнунцæ, архайунцæ цæмæй адæм кæрæдзей ма æрлæдæронцæ æма æмхузонæй сæхе сæрбæл еумæйагæй ма исдзоронцæ, уомæ гæсгæ ба еци хумæтæг адæмбæл ци фудбæлæхтæ æрцæуй, уоми ба ке нæ фудгин кæнунцæ, уогæ ба... Гæрр, нæ барадон оргæнти зуймон метæй фулдæр косгутæ уогæй, уони бон нæй еци цъаммар гъуддæгутæ аразгути рагацау исбæрæг кæнун?! Кæд нæй, уæдта хопъали уæнгæ æхцатæ син адæми дзиппæй цæй туххæй федæн?!

## «УАДЗЕТÆ ’Й, УАДЗЕТÆ: УОМÆ ДÆР ЦИ АМОНД КÆСУЙ – КА ’Й ЗОНУЙ!..»

Е дæр устур æма лæмбунæг дзубандий хабар æй, фал нæ нуртæкки ба уой зæгъун фæндуй. Адæми еудзийнадæй къæдзæх дæр ниррезуй, арв гъæр кæнун дæр нæбал фендеуй, знаг си ледзгæ кæнуй. Æма Уæрæсей бæрæгбæнттæ ниффедар æнцæ, етæ нæ зæрдæмæ цæунцæ, æви нæ цæунцæ, уæддæр сугъзæрийнæ талатæ исуадзæнтæ, сæ адæмæн ести хуарздзийнадæ хæссæнтæ.

Ауæхæн арфитæ бæрæгбони фæдбæл бæргæ бунати ’нцæ, фал нури доги цардарæзти уавæрти дзилли ’хсæн ци рахастдзийнæдтæ иситинг æнцæ, уонæмæ гæсгæ ба хъæбæр сагъæссаг иссæй, рæстуодæй нæ куд фæндуй, уæхæн еудзийнадæ нин зæрдтагонæй-зæрдтагондæр исуодзæнæй. Нæ еци тухст ба уомæ гæсгæ ’й, æма абони сауæнгæ тогæй хæстæгутæ дæр кæрæдземæй ку идард кæнунцæ, уæд ма, кæрæдземæн еуцæйбæрцæдæр æцæгæлон ка ’й, уони еуварсдзийнади фæдбæл ба ма ци дестæ кæнæн. Хестæр фæлтæртæ ма ’й хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, раздæр рæстæгути гъæути уæхæн синхбæстæ нæ адтæй, æма си еудадзуг, уæлдайдæр ба райдзаст изæригæнтти дзиллæ æмæзмæлд нæ кодтонцæ, кæрæдзей хæццæ сæ уолæфуни рæстæг æрвистонцæ. Нур ба?.. Цъеуæзмæлæг си нæбал фæууиндзæнæ, æ хæдзарæй си æндæмæ неке ракæсдзæнæй, æ синхæнтти хæццæ зæрдæхцæуæнæй еуцæйбæрцæдæр рæстæг рарветунмæ сæ нæ евдæлуй...

Уомæ гæсгæ ма уин еума хабар ракæнуйнаг ан. Уой дæр бакастæн Даурати Дамири уадзимистæй еуеми. Куд финсуй, уотемæй ин сæ муггаги «Нихас»-и сæрдар Таймораз се ’рвадæ «Ф»-йæй (нуртæкки бонгинтæй еу æй) рагъаст кодта:

*...Ламардони нæ муггаги ихæлд мæсуг исамайуни туххæй мæ дзубандийæн гъудæй æма ин еу бон æ дуар бахуастон, зæгъун, телефонæй дæмæ дзорун æма дзорун, фал дæбæл нæ хуæст кæнун, кæми фæууис уагæр?..*

*– Æз ами фæуун, фал æнæзонгæ номертæ ку фæууинун, уæд дзуапп нæ раттун, – сæрустурæй мин загъта.*

*Æз имæ кастæн, кастæн, ме ’рбацудбæл æрфæсмон кодтон æма цæхгæр фæззилдтæн, дуаргæрон мæ æ фарста баййафта:*

*– Барæнæ... Цæмæ ’рбацудтæ, уой мин уæддæр зæгъæ.*

*Æз имæ фæстæмæ ракастæн, æнæбари медбилхудт ма бакодтон:*

*– Нецæмæ... Фæууинон дæ, зæгъун.*

*Абони дæр æй нæма базудтон, балæдæрдтæй мæ, æви мæ нæ балæдæрдтæй, уой...*

Хъæбæр сагъæссаг хабар. Е куд æй, æма дæхецæй уоййасæбæл «сæрустур» куд гъæуама уай, кæд æма дæ муггаги хестæри телефони номертæ нæ зонис? Еци нецæййаги (лæг исхонун дæр не ’нгъезуй!..) телефони ’нцæ, ести пайда ин ка ’й, æвæдзи, айдагъдæр уони номертæ. Æма уæхæнттæ муггаги дæр æма нæ адæми еудзийнадæ федаргæнæг исуодзæнæнцæ? Бауæндетæ, æгириддæр нецихузи!

Бийнонти медастæу, муггаги æма гъæубæсти ’хсæн кæрæдзей лæдæрун æма кæрæдзебæл æновуд ун цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй еугуремæн дæр, уой фæдбæл нин рагфидтæлтæй берæ зундæй нæ гъомусгиндæргæнæг таурæхътæ байзадæй. Беретæ уин зундгонд дæр æнцæ. Фегъустайайтæ, æвæдзи, мæнæ уин ци таурæхъ ракæнуйнаг дæн, уой дæр.

*Еу лæгæн берæ фурттæ адтæй, фал лимæн нæ адтæнцæ, æма сæ цард нæ цудæй. Уæд сæмæ еууæхæни фидæ фæдздзурдта тургъæмæ. Къумæй син уесойнæ рахæссун кодта æма загъта:*

*– Абони гъæуама уæ хъаурæ бавзарайтæ уесойнæбæл. Ка ’й расæтта, е уодзæнæй еугуремæй хъаурæгиндæр.*

*Фурттæ еугаййæй фæйййархайдтонцæ баст уесойнæ фæддууæ кæнунбæл, фал сæ къохи нæ бафтудæй. Уæд син фидæ уотæ:*

*– Рахæссайтæ ’й ардæмæ.*

*Фидæ уесойнæ райста, райхалдта ’й æма ’й уесгай сæттун райдæдта.*

*– Уотæ, мæ хортæ, сумах дæр æнгом ку уайтæ, уæд уин неке неци кæндзæнæй, уæ цард фæрнугдæр уодзæнæй. Еугæйттæй ба уæбæл алкедæр хъаурæгиндæр кæндзæнæй, уæ гъомус – минкъийдæр. Æма кæрæдзей уарзетæ.*

*Аци цау æнсувæртæн зунди хуасæ фæцæй.*

## «САГ ДÆР МА САГÆН Æ ЦЪУХИ ЗАЛМИ СИФÆ КУ БАКОДТА!..»

Нæ абони радзубандий кæронбæттæни ба ма уин еу рагон таурæхъ уæ зæрдæбæл æрлæууын кæндзинан – кæддæр ма ин æ кой кодтан, фал зундирахастæн пайдахæссæг хабармæ цалдæр хатти байгъосун, æвæдзи, æнгъезуй.

*Цæветтонгæ, еу лæг устур бæлахи бафтудæй, растдæр зæгъгæй ба æ мæлæти къахбæл ниллæудтæй. Бæргæ гъæздуг цард кодта, фал æй еци рæстæг æ берæ мулкитæ æгириддæр нецæмæнбал гъудæнцæ – гъудæй æй æмбали зæрдиаг дзурд, уой гъар къохи бандзæвд. Фал ин уæхæн æмбал ба æ еци тухст уавæри æ рази нæ разиндтæй – уомæн æма æ царди медæгæ æхецæй уæлдай неке уарзта, кедæр хæццæ зæрдæй лимæн ун имæ нимади дæр нæ адтæй, æ еунæг сагъæс адтæй айдагъдæр куд фулдæр мулк бамбурд кæна, æ фурзудæй ба некæбæл аурста…*

*Æма е ’носон дуйнемæ нæхстæр кодта, æ рæбун æ берæ мулкитæй æндæр, зæрдæй ка багузавæ кодтайдæ, еунæг уæхæн уодгоймаг дæр æ рази нæ фæцæй, уотемæй. Гъе уæд æй балæдæрдтæй: æ зæнхон цард бустæги дзæгъæли рарвиста… Уæд ку фæдздзоридæ æ еунæг фуртмæ æма ин ку зæгъидæ:*

*– Уосиат дин кæнун: мæн цардæй ма фæццæрæ!.. Алли гъæуи дæр исаразæ мæсуг!..*

*Е дæр, фидтæлтиккон æгъдæуттæ куд амудтонцæ, уотемæй æ фиди банигæдта, мæрдæгъдауæй цидæриддæр гъудæй, уони ин искодта, уой фæсте ба ин æнхæст кæнун райдæдта æ уосиат. Бацудæй еу гъæумæ, исаразта си мæсуг, уæдта иннæ гъæуи дæр уотæ… Уотæ гъæуæй-гъæумæ цудæй, алкæцимидæр си исаразидæ мæсуг… Фал цанæбæрæги фагæ иссайуонцæ æ фиди мулкитæ – кæд хъæбæр берæ адтæнцæ, уæддæр балæдæрдтæй лæхъуæн, нæ ин исфагæ уодзæнæнцæ, цæмæй æ фиди фæдзæхст кæрæй-кæронмæ исæнхæст кæна. Истухстæй, гъома, нур ма кæми иссера уойбæрцæ фæрæзнитæ, цæмæй алли гъæуи дæр мæсуг исараза.*

*Еци мæтъæлæй æрбадтæй фæснад устур дорбæл, æ сæр æ къохтæбæл æруагъта, сагъæсти бафтудæй. Уæд дин æ размæ ку æрбахъæртидæ зæронд лæг.*

*– Ассалам алейкум, мæ хъæболæ!.. – салам равардта лæхъуæнæн.*

*– Уалейкум ассалам, мæ фиди хай!.. – зæгъгæ, е, кæстæрæн куд æнгъезуй, уотæ фæггæпп кодта æма æ бунатмæ райамудта. – Дæ фæллад исуадзæ. Кæд дæ, миййаг, мæ агъаз гъæуй? Кæд æдонугæй истухстæ, уæд дин нуртæккæ дон æрбадавдзæнæн… Кæд исæстонг дæ, уæд мæнæ мæ хурдзини ма ес ци искомидзаг кæнай… Кæд дæ æмбæлццон гъæуй, уæд дæ бахъæртун кæндзæнæн кумæ цæуис, уордæмæ…*

*– Дæ салам берæ, мæ хъæболæ. Нæ Исфæлдесæги фæрци мæ надбæл разиндтæй сауæдæнттæ, мадта кæрдзин дæр ма мæмæ ес мæ хурдзини. Фал мæ мæти æфтауй дæ тухстдзийнадæ. Ци дæ гъигæ даруй? – еци фæлмæнхузæй загъта зæронд лæг.*

*– Устур æрхун бацудæй мæ зæрди. Мæ бон нæй мæ фиди уосиат исæнхæст кæнун æма нæ зонун, ци бакæнон, – еци мæтъæлæй загъта лæхъуæн.*

*Зæронд лæг лæмбунæг байгъуста лæхъуæни хабæрттæмæ, æма, гъуддаг цæй медæгæ ’й, уой балæдæргæй ба игъæлдзæгæй ниххудтæй:*

*– Мæ хуарз кæстæр, дæ фидæ дин уæхæн гæнахтæ исаразун нæ ниффæдзахста, фал гъæуама дин алли гъæуи дæр фæззинна æцæг æрдхуард. Е дин уодзæнæй тæккæ æнæфæссайгæдæр æма федардæр мæсуг. Æцæг уомæн ба уотид мулкитæ нæ гъæунцæ, фал зæрди рæдаудзийнадæ æма цирен…*

*– Æцæгæй? – ниддестæ уогæй, бацийнæ кодта лæхъуæн.*

*– Гъо, мæ хуарз кæстæр, фал уотæ ма ’нгъæл уо, цæстæй фæууинæн æма къохæй басгарун кæмæн нæййес, уæхæн гæнах адæми зæрдити исаразун дорæй мæсуг исамайунæй æнцондæр æй. Адæми зæрдитæ – етæ уæхæн бæрзæндтæ ’нцæ!.. Цæмæй уой уæнгæ истæхай, уой туххæй дæ уодæн гъæуама цæргæси базуртæ уа. Адæми зæрditæ – етæ уæхæн арф æнцæ, æма сæмæ цæмæй нихъхъæртай, уой туххæй дæмæ гъæуама уа, рабарæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн рæдаудзийнадæ æма æргомдзийнадæ. Адæмти зæрдити æзгъæр уотæ хъæбæр федар æй, æма уобæл байервæзунæн дин некæцибал кенæ æндæр къахæн дзаумау фæййагъаз уодзæнæнцæ… Цо, мæ хор, æма дин дæ фидæ ке ниффæдзахста, еци мæсугтæ адæми зæрдити аразæ…*

## «МАХ АДÆМ ГÆРЗТИ ХУАРЗ ÆМА ЗНАГИ БЕРÆЙ НЕКÆД ТАРСТÆНЦÆ!..»

Аци таурæхъ уомæ гæсгæ æримистан, æма си ци зундирахаст ес, е ку исфедар уидæ нæ цардиуаги, цæмæй айдагъ хецæн муггæгти æма хецæн адæми ’хсæн нæ, фал еугур адæмихæттити ’хсæн дæр нин уа æма син мах нæхуæдтæ дæр уæн мæсуги хузæн федар æма еузæрдиуон æрдхуæрдтæ. Гъе уæд, бауæндетæ, аци бæрæгбон – адæмон еудзийнади Бон дæр нæ дзиллæн уодзæнæй зæрдтагон æма рæстуодæй цитгийнаг!..

***Аци æрмæг мухургонд æрцудæй газет «Дигорæ»-йи 2019 анзи 31 октябри.***


**БАЛИКЪОТИ** Тотраз е ’рдхуæрдти хæццæ.


**БАЛИКЪОТИ** Тотраз æ хеуæнтти хæццæ.

**Инвалидти Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæуй 3 декабри. Æ сæйрагдæр нисан – бауæрæй сахъат адæймæгути сагъæссаг фарстатæмæ дзиллити æргом раздахун, ци гæнæн æма амал ес, уомæй син агъаз кæнун.**

*БАЛИКЪОТИ Тотраз: «Номдзуд финсæг Петрарки зундизæгъдитæй мæ зæрдæбæл бадардтон еуей: «Хуарз кæнæ еудадзуг дæр. Уой фæрци дин бантæсдзæнæй устур гъуддæгутæ: уæд алли рауæн дæр цæрдзæнæ игъæлдзæгæй, амондгунæй, хæрæнтти астæу цæргæй дæр дин хæрани бон неци бауодзæнæй...»*

# СИНХÆН ДÆР ÆМА ГЪÆУБÆСТÆН ДÆР – КАДÆ ÆМА ЦÆСГОН

**БАЛИКЪОТИ Тотраз**

Силгоймагæн æ ном, æ кадæ, е 'гъдау, æ зундирахаст, æ хъиамæттæ... Мингай æнзти дæргъи дзорунцæ, зарунцæ, финсунцæ нæлгоймæгтæ уони тухххæй, фал некæмæн ма бафтудæй æ къохи куд гъæуй, уотæ нæ силгоймæгти еци алæмæти менеугути дессагдзийнадæ æнхæстæй бавдесун. Алли дзаманти силгоймæгтæ æстонг, уазалæй ци тухст бæнттæ бафæразтонцæ, етæ зин иронх кæнæн æнцæ. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ алкæмæ дæр адтæй æма ес æхе хуарз менеугутæ, дæнцæнæн ба дардтонцæ нарти Сатана æма Задæлески Нанай. Сæ кади ном син бæрзонд истонцæ.

Адтæй нæ синхи силгоймæгтæ, кæцитæ фæнзтонцæ уони, сæ доги уæззау украгъ хæссун фæразтонцæ, арaзтонцæ сæ кæстæрти раст надбæл. Нæлгоймагæн кодтонцæ устур кадæ.

Фæндуй мæ æримисун ке æрæййафтон æма хæстæгмæ хуарз ке зудтон, уæдта зонун, еци силгоймæгти. Алке тухххæй дæр си æмбæлуй хецæнæй хъæбæр устур æрмæгутæ ниффинсун, фал нин нуртæккæ уæхæн равгæ нæййес. Уомæ гæсгæ цубурæй зæгъдзæнæн мæ гъудитæ. Паддзахи доги, революций размæ си бийнонтæ адтæй Цорити Гуæдзæ, Гуæздæрти Диссæ, Тускъати Ностæ, Хуасдзаути Сæнетæн. Фиццаг æртæ фæццардæнцæ сæдæгай æнзтæй фулдæр. Фал царди уæззау уаргъи хæццæ ма бавзурстонцæ устур зин – тугъди будурти фæммард æнцæ сæ фурттæ. Берæ æнзти дæргъи ма бæргæ æнгъæл кастæнцæ, фал сæмæ нæбал фæззиндтæнцæ. Сæ цийнаг, сæ удæнцойнæ адтæнцæ бæдæлтти цæуæт. Устур кадæ æма æгъдау син кодтонцæ хеуæнттæ нæ, фал нæ еугур синхбæстæ дæр.

Уони кæстæр фæлтæрæй фулдæрей æрæййафтон, кæцитæ зинтæ бавзурстонцæ, фал кæбæл цийнæ кодтайунцæ, уæхæнттæ син берæ адтæй. Хекъилати дууæ Батийи (дууæ файности), сæ лæгтæ æма си фæйнæ фурти байзадæнцæ тугъди будури, фал иннæ зæнæгбæл цийнæ кодтонцæ. Басити Дофка дæр дууæ биццеуей хæццæ байзадæй седзæргæсæй. Еци зин уаргъ раргъавта Мудойти Рæхимæти, Тускъати Дебæ æма Азаухани, Гуæздæрти Дзæнеi.

Рæхимæт исгъомбæл кодта еу фурт æма дууæ кизги, Дзæне æртæ кизги, Дебæ æма Азаухан ба фæббадтæнцæ сæ еугай фурттæн.



Мадта Цорити Уæдзий дæр байзадæй дууæ æнагъон кизги хæццæ. Фал сæ еугуремæн дæр се 'уæнгтæ не 'ркалдæнцæ, исхъауæ кодтонцæ сувæллæнтти исгъомбæл кæнун. Раст надбæл æрлæудтæнцæ сæ цæуæт æма си алкæддæр адтæнцæ сæрбæрзонд. Кæмæндæр æ ирисхъæ фулдæр разиндтæй, иннемæн минкъийдæр. Сæ фæсте байзадæй цæуæти цæуæт, уони кæстæртæ, кæцитæ сæ нæ иронх кæнунцæ.

Дебæ адтæй æцæг амалгун, косагæ силгоймаг æма ма иннетæн дæр фæййагъаз кæнидæ.

Æнæ æримисæн нæййес Гъуцъунати Зулий, Гамазти Рæхимæт, Тускъати Асана æма Рухъий, Тетцойти Гаден, Цорити Аминай. Æгъдаугин, адæмуарзон, хъиамæтгун силгоймæгтæ адтæнцæ, исгъомбæл кодтонцæ хуарз зæнæг, фæууидтонцæ киндзитæ, сиæхсти. Царди хуæрзтæй æма адæми уарзтæй хайгин адтæнцæ.

Асанамæ ба синхи лæгтæ унаффæ кæнунмæ цудæнцæ, Сатана æй худтонцæ. Зудта алкæмæн дæр аккаг дзуапп раттун.

Уæдта уотæ зæгъидæ: «Хæдзарæй сувæллæнтти бæсти силгоймаги гъæр дзурд ку игъуса, уæд си еуæрсти ледзæ». Æма, æвæдзи, хумæтæги нæ багъуди кодтон еци загъд. Кæстæртæ дæр си берæ зунд райстонцæ, æ къабæзтæ нийвулдæнцæ хъæбæр идæрдтæмæ.

Уонæй кæстæр фæлтæри æвдесæнтæ Темурти Нафисæт, Хекъилати Клавæ, Хуасдзаути Фатъимæт, Хекъилати Фатъимæт (Дукъула), Керчелати Верæ, Баликъоти Анисæ, Тускъати Лемæ, Къочити Фатъимæт. Ци берæ хуарздзийнæдтæ си адтæй алкæмæ дæр! Бæрзонд хастонцæ силгоймаги ном, мулк æма бунæттæй бæрзонддæр æвардтонцæ æгъдау, æфсармæ, федауй æви нæ федауй аци гъуддаг, уони.

Æгас си некебал æй, фал сæ нур дæр фæнзунцæ Гамазти Замеркæ, Гъуцъунати Розæ, Тускъати Фимæ, Гъуцъунати Ленæ, Тускъати Таисæ, Тускъати Лидæ. Хуцауи фæрци, синхи хестæртæй ма Пъинти Датий æй удæгас, цæуй æ къæхтæбæл, дарунцæ имæ хуарз цæстингас, ес ин синхбæсти астæу кадæ.

Нуртæккæ ци силгоймæгти фæлтæр æй синхи, уонæй дæр гъæстаг неке æй. Кæрæдзей уарзгæй, нимайгæй цæрунцæ, æгъдауи фæстаг нæ изайунцæ, сæ хестæртæбæл ци уидтонцæ, уони рæстæги куд исахур æнцæ, уотæ кæнунцæ. Сæ зæрдитæ нинкъард унцæ Тускъати Рити, Хъаирти Лариси æма Малити Таири æргъуди кæнгæй, æгæр æригæнттæй фæгъгъудæнцæ се 'хсæнæй. Фал цард – цард æй, урамæн ин нæййес. Багъæуаги рæстæг кæрæдзей фарсмæ 'нцæ Бабочити Лидæ, Хекъилати Римæ, Басити Раисæ, Бетанти Сарæ, Тускъати Алефтинæ, Темурти Тамарæ, Цорити Алетæ, Хекъилати Ленæ, Баликъоти Идæ. Нæ уадзунцæ синхи силгоймæгти кадæ фæккеун, хуæцунцæ хестæр фæлтæрти æгъдау æма фæткитæбæл федар.

Кæци нанати, æфсинтти æрæййафтонцæ, уонæмæ хицæ кодтонцæ, нур ба сæхуæдтæ 'нцæ уони бунати æма сæ хуарзи кой игъусуй. Уотæ ахур кæнунцæ сæ кизгутти, æригон киндзити дæр. Гъæздуг æй мæ уарзон синх æгъдаугин силгоймæгтæй, зонунцæ адæми, хæстæгути хæццæ цæрун. Кæцидæр фæлтæрти хузæн сæ салд нартихуар рони хæссун нæ гъæуй...

Æнæ цидæр къулумпитæ уæн дæр нæййес, фал нури цард æй хъæбæр хуарз æма си уæ кæстæртæй зæрдрохс уотæ. Куд бийнонти медæгæ, уотæ синхи, гъæубæсти кадæ фулдæр силгоймæгтæй арaзгæ 'й. Сумахæн е æнтæсуй æма уи Хуцау исарази уæд! Дзæбæх, æнæнез, æнæфидбилиз угæй алкæддæр ходæзмолæ кæнетæ, кæстæри зин ма бавзаретæ. Нæ амондагор кизгуттæ тагъд рæстæги куд фæккурди унцæ æма кизгæрвистити ци низзарæн æма æркафæн. Уалдзæги рæсугъди сæмæ сæ нивæ æрбахуайæд къæразгæ!

Хæдæгай, угæ нæ синх айдагъ æрцæуæггаг силгоймæгти (киндзити) æгъдауæй на 'дтæй æма 'й кадгин, æгъдаугин, фал æндæр синхтæ, гъæути æ амонд иссергæй тумугъ бийнонтæ ка иссæй, уонæй дæр. Номгай сæ ку нимайуон, уæд æгæр берæ бунат гъæуй газети фæрстæбæл, фал си уæддæр еу къуар зæгъон: Гъуцъунати Дзæмилæт, Тускъати Мимонæт æма Розæ, Нæзирæт æма Фатъимæт, Цорити Беллæ. Æригондæр фæлтæртæй Темурти Фатимæ, Цорити Аланæ, Тускъати Светæ æма Алимæт æнцæ хуарз киндзитæ, сæ бийнонтæ си æнцæ арфиаг, сæ ниййергутæ æма нæ синхи кадæ хæссунцæ бæрзонд. Уони фæрци хæстæгути бастдзийнадæ æй федар æма цæрунцæ кæрæдзей берæ уарзгæй.

Дууæ хæстæги кæстæртæй боз ку фæуунцæ, уæд уомæй æхцæуæндæр ци ес нæ царди.

Мах зæрдитæ ка рохс кæнуй, еци силгоймæгтæ цæрæнтæ берæ æнзти дæргъи, нивæ-амондæй хайгин уогæй.

***Аци æрмæг мухургонд æрцудæй газет «Дигорæ»-йи 2019 анзи 7 мартъий.***

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2023 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 500. Заказ № 2406.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.11.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.11.2022.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арaзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.